# Нобэ Налшык щокIуэкI ДАХ-м и Хасащхьэм и зэIущIэ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№210-211 (22.619) ●2013 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 26, щэбэт ●Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Быф И. Т. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и IэнатIэм илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрыщылажьэм, щIэблэр гъэсэнымрэ егъэджэнымрэ хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **Быф Иринэ Темыржан и пхъум** - «Бахъсэн къалэм дэт прогимназие №1» зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэмрэ пэщIэдзэ классхэм щIэсхэмрэ щадэлажьэ муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

*Налшык къалэ*
*2013 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м*
*№154-УГ*

Кебеков В. С. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЩIыпIэ самоуправленэм и органхэм илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрыщылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **Кебеков Валерий Сэфарбий и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хыхьэ Лэскэн муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

*Налшык къалэ*
*2013 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м*
*№159-УГ*

Бацэжь Хь. Хь. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщыным теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм, и IэщIагъэм фIы дыдэу зэрыхищIыкIым папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщын **Бацэжь Хьэжбий Хьэжумар и къуэм** - «Гъуэгу зыщI, зэзыгъэпэщыж Аруан ухуакIуэ управленэ» зи жэуаплыныгъэр зэхэгъэщхьэхукIа зэгухьэныгъэм и производствэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

*Налшык къалэ*
*2013 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м*
*№160-УГ*

# КъБР-м и Iэтащхьэм фIыщIэ къыхуащI



**«Мейстрим» телекомпанием и унафэщIхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен фIыщIэ псалъэхэр зэрыт тхыгъэ къыхуагъэхьащ.**

ДОКУМЕНТАЛЬНЭ кино техынымкIэ дуней псом щыпашэ компаниехэм ящыщ зым и редактор нэхъыщхьэ Кацал Марие республикэм и унафэщIым къыхуитхащ мы каналым и лэжьакIуэхэр сыт щыгъуи КъБР-м гуапэу зэрыщрагъэблагъэр икIи хьэщIагъэ зэрыщрахыр. «Республикэм тхыдэмкIэ и лэжьакIуэхэм ящIыгъуу икIи уэ уи дэIэпыкъуныгъэр къэбгъэсэбэпурэ дэ фильм зыбжанэ тетхащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэм и фэеплъу щыIэхэм ятеухуауэ», - итщ тхыгъэм.

КъБР-м и тхыдэ, щэнхабзэ фэеплъхэм, республикэм щрагъэкIуэкIа археологие къэхутэныгъэ телъыджэхэм ятеухуа зи чэзу фильмыр ди деж мазэ кIуам щытрахащ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

# Унэхэр тэмэму яхуэгъэплъыну?

**КъБР-м и Парламентым и Президиумым иригъэкIуэкIа зэIущIэм Правительствэм щыхухаха зэманым хиубыдэу депутатхэр тепсэлъыхьащ 2013 - 2014 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и IэнатIэм хиубыдэ IуэхущIапIэхэм зэфIагъэкIахэм.**

- 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу КъБР-м и псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм къызыхуэтыншэу хуэхьэзыру щытащ, - къыщыхигъэщхьэхукIащ республикэм энергетикэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкIэ и министрым и къуэдзэ Бэлагъы Борис зэIущIэм щищIа докладым.

Абы къигъэлъэгъуащ бжьыхьэм зыщыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэм муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм мазэ къэс зэ КъБР-м ЭнергетикэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкIэ и министерствэр лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым щыгъуазэ зэрыхуащIар.

- Республикэм унэхэр щагъэплъым официальнэу щыщIадзар жэпуэгъуэм и 7-рщ. Ауэ щIыIэ зэрыхъуар къалъытэри, медицинэ IуэхущIапIэхэмрэ сабий садхэмрэ жэпуэгъуэм и 1-м щыщIэдзауэ хуабэр щыпадзащ, - къигъэлъэгъуащ Бэлагъы Борис.

Абы зэрыжиIамкIэ, бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрагъэплъынум унэу 3421-рэ, котельнэу 329-рэ, хуабэ зрикIуэ бжьамийуэ километр 546-рэ, псы зэрыкIуэ бжьамийуэ километр 3900-рэ хуагъэхьэзыращ. Муниципальнэ районхэм, къалэ округхэм, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IуэхущIапIэхэм зэфIагъэкIын хуей лэжьыгъэхэм трагъэкIуэдэн папщIэ сом мелуан 215-рэ мин 521-рэ хухахауэ щытащ. А ахъшэр къанэ щымыIэу къагъэсэбэпащ.

Доклад зыщIым къызэригъэлъэгъуамкIэ, псэупIэ унэхэмрэ адрей IуэхущIапIэхэмрэ хиубыдэ линэхэр зэгъэпэщыжыным, котельнэхэр зыхуей хуэгъэзэным ехьэлIауэ зэфIагъэкIа дэтхэнэ лэжьыгъэми теухуа актхэр ятхыжащ. Апхуэдэу унэхэр зэрагъэплъ системэхэр, абыхэм псы щIыIэмрэ псы хуабэмрэ зэрыщызекIуэ бжьамийхэр, электричествэ зрикIуэ кIапсэхэр зэрыщIапщытыкIам теухуа актхэри ягъэхьэзыращ.

ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, цIыхухэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ электрокъарукIэ, хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ организацэхэм я Iуэху зыIутыр хэчыхьауэ къыщапщытэм бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырынымкIэ зи лэжьыгъэр зэкIэлъымыкIуэхэр къахэкIакъым. Бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырымкIэ актхэм псэупIэхэм ятеухуауэ фокIадэм и 15-м, хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ организацэхэм ятеухуауэ жэпуэгъуэм и 1-м Iэ щIадзыжащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

# Сирием щыпсэу адыгэхэм я Iуэхум егъэпIейтей

Нобэ Налшык къыщызэIуахащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и советым и зи чэзу зэIущIэр. Абы кърихьэлIащ Тыркум, Иорданием, Сирием, США-м, Изралым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Мэздэгум щыщу советым хэтхэр, тенджыз ФIыцIэм Iус шапсыгъхэм я лIыкIуэхэр, апхуэдэу КъБР-м и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ, законхэр къыдэзыгъэкI органхэм я лэжьакIуэхэр.

Зытепсэлъыхьыну Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ Сирием щыпсэу адыгэхэр зыхэхуа гугъуехьхэр, ахэр я адэжь щIыналъэм къагъэIэпхъуэжынымкIэ лэжьыпхъэхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэр адыгэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм зэрадэлажьэр, адыгэбзэр Урысейми нэгъуэщI къэралхэми щыпсэу адыгэхэм яхуумэнымкIэ защIэгъэкъуэныр.

Абыхэм теухуауэ зыхуэфащэ унафэ пыухыкIахэр къащтэнущ.

ЗэIущIэр сыхьэти 10-м нобэ щIидзащ «Чайка» санаторэм (Налшык, Марко Вовчок и уэрам,4).

# ХьэжыщI щыIахэм ящыщ япэ гупыр къэсыжащ

**Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщрагъэблэгъэжащ Сауд Хьэрыпым хьэжыщI щыIахэм ящыщ япэ гупыр, цIыху 222-рэ хъууэ. Абыхэм яIущIащ КъБР-м и дин лэжьакIуэхэр, хьэжыщI щыIахэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.**

КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, псоми я фарз лъапIэр ягъэзэщIауэ къагъэзэж. Мы гъэм республикэм щыщу хьэжыщI кIуахэр цIыху 300-м щIегъу. Иджыри Сауд Хьэрыпым цIыху 97-рэ щыIэщи, ахэр пщэдей къэсыжын хуейщ.

**КЪЭП Дисэ.**

# Германием и махуэхэр - КъБР-м

**Дыгъуасэ Налшык къыщызэIуахащ «Германием и махуэхэр - Къэбэрдей-Балъкъэрым» фестивалыр. Иджырей Германием и щэнхабзэмрэ зэхэтыкIэмрэ республикэм щыпсэухэр щыгъуазэ ящIынущ художникхэу Гунстхаймер Янэ, Мюльхаупт Манфред, Пащты-Хьан (Пащты) Алим сымэ.**

НЭМЫЦЭ художникхэмрэ гъуазджэм и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и къалащхьэм иджы ещанэу къокIуэ. Мы зэхыхьэр псом хуэмыдэу гъэщIэгъуэну екIуэкIыну щогугъ. Абы хиубыдэу мастер-классхэр къызэрагъэпэщынущ, егъэджэныгъэмкIэ программэ зэмылIэужьыгъуэхэр утыку кърахьэнущ, менеджерхэм папщIэ семинархэр ирагъэкIуэкIынущ, апхуэдэу КъБКъУ-м щIэныгъэ конференц щызэхэтынущ. ХьэщIэхэм ди къалэм и щIыпIэ нэхъ дахэхэр ирагъэлъагъунущ. Абы хиубыдэу ахэр еплъынущ Сэралъп Мадинэ и артцентрым щад лъэпкъ фащэхэм.

Фестивалым хиубыдэу Налшык ГъуазджэхэмкIэ и музейм къыщызэIуахащ Гунстхаймер Янэ и сурэтхэм я выставкэ. Мэлбахъуэ Т. Къу. и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм нобэ щагъэлъэгъуэнущ нэмыцэ тхакIуэхэм я тхылъхэр. Апхуэдэу КъБКъУ-м утыку къыщралъхьэнущ Германием академие зэдэлэжьэныгъэхэмкIэ и IэнатIэм егъэджэныгъэмкIэ и программэхэр.

Германием и махуэхэм хиубыдэ Iуэху нэхъыщхьэхэр Iуащхьэмахуэ лъапэ и Iэшэлъашэхэм пщэдей щекIуэкIынущ. ЛъэныкъуитIми я лIыкIуэхэр хэту «Къэббалъкъгипс» ООО-м щыIэну зэхыхьэм щытепсэлъыхьынущ урысей -германие проектхэр зэрагъэзащIэм.

Жэпуэгъуэм и 28-м КъБКъУ-м дизайнымкIэ и колледжым графикэмкIэ мастер-класс щитынущ ди республикэм щалъхуа Пащты-Хьан Алим. А зэхыхьэм хиубыдэу колледжым и еджакIуэхэм я лэжьыгъэхэри ягъэлъэгъуэнущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр бизнес-инкубаторым лъэныкъуитIым я зэдэлэжьэныгъэхэр зэрызэтраухуэрэ илъэс 15 зэрырикъум и щIыхькIэ щрагъэкIуэкIынущ «Урысей-Германие: зэдэлэжьэныгъэм къррикIуахэмрэ адэкIэ зыхуэплъэхэмрэ» семинарыр. Абы хэтынущ унафэщI лэжьакIуэхэр гъэхьэзырынымкIэ президент программэм хиубыдэу еджахэмрэ КъБКъУ-м экономикэмкIэ и факультетым и магистрантхэмрэ. Пщыхьэщхьэм Германием къикIа хьэщIэхэр еджакIуэхэм я «Сокуров Александр и творческэ лъэщапIэ» театрым классическэ музыкэм щедэIуэнущ. Абыхэм я пащхьэ я зэфIэкIыр щагъэлъэгъуэнущ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием Темыркъан Петр зи пашэ и камернэ оркестрым хэтхэм.

Щэнхабзэм и махуэшхуэхэм я кIэуххыу щытынущ Германием теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм траха сурэт гъэщIэгъуэнхэм я выставкэ-конкурсыр. Абы щагъэлъэгъуэну сурэт нэхъыфIхэр тезыхахэм Германием и лIыкIуэ IуэхущIапIэу Москва дэтым и саугъэтхэр иратынущ.

**ДЖЭДГЪЭФ Маринэ.**

● Щэнхабзэ

# ЩIыпIэ жыжьэ къикIа хьэщIэхэр



**«Iуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащIэ къафэхэр» III дунейпсо IуэрыIуатэ фестивалым хэтыну Къэбэрдей-Балъкъэрым къеблэгъа «The Halili-Cruze Dance Company» къэфакIуэ ансамблыр (Филиппинхэм къикIащ) щыхьэщIащ Шэджэм районым. Махъсымэрэ лъэпкъ макъамэхэмкIэ зыпежьа хьэщIэхэм щIэщыгъуэ ящыхъуащ щIыналъэм щызекIуэ хабзэхэр.**

ГУПЫР щыIащ Кулиев Къайсын и унэ-музейм. Абыхэм щыгъуазэ защIащ цIыхубэ усакIуэм и гъащIэр къызэрекIуэкIам. Псом хуэмыдэу яфIэгъэщIэгъуэнар Кулиевым и IэдакъэщIэкIхэр Индием зэрынэсарщ. Бысымхэми къыхагъэщащ къэрал лэжьакIуэ Ганди Индирэ ар усакIуэ нэхъыфI дыдэу илъытэу зэрыщытар.

ХьэщIэхэм Кулиев Къайсын и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ, унэ-музейм щIыхьэхэм я Iуэху еплъыкIэр зратхэ тхылъым ансамблым и унафэщI Халили Ширли тхыгъэ кIэщI кърынащ. Бзылъхугъэм къыхигъэщаращи, ялъэгъуа, зэхахахэм езыми и гупым дежкIи мыхьэнэшхуэ яIэщ.

Филиппинхэм къикIахэм концерт щатащ Шэджэм къалэ ЩэнхабзэмкIэ и унэм. Абыхэм ягъэлъэгъуащ дунейпсо фестиваль Iэджэм нэхъыфIу къыщалъыта къафипщI, Штраус Иоганн и макъамэм щIэту ягъэхьэзыра балет теплъэгъуэри филиппинхэм я лъэпкъ къэфэкIэхэри яхэту.

Хамэ къэрал къикIахэм Шэджэм псыкъелъэхэм зыщаплъыхьащ, ди лъэпкъ шхыныгъуэхэм щыщ зыIуагъэхуащ.

**КIАРЭ Элинэ.**



Къардэн Самир



Хьэвжокъуэ Джанет



ЩабэрыкIуэ Мунир

● Хъыбар гуапэ

# Иорданым и адыгэ сенаторхэр

**Ди лъэпкъэгъу куэд щыпсэу Иордан Хьэшимит пащтыхьыгъуэм иджыблагъэ щекIуэкIащ Парламентым и депутатхэм я хэхыныгъэ. Къэралыр зэраухуэрэ блэкIа илъэс 67-м къриубыдэу а хабзэухуэ орган нэхъыщхьэм и депутату хахащ адыгэ лъэпкъым щыщу цIыхуи 100-м щIигъу.**

ХАБЗЭ хъуауэ, Парламентым и Палатэ Нэхъыщхьэм и сенаторхэр къэралым и пащтыхьым езым егъэув. КъытIэрыхьа хъыбарым ипкъ иткIэ, дыгъуасэ яубзыхуа Сенатым япэ дыдэу зэуэ хэхуащ ди лъэпкъэгъу адыгэ бзылъхугъэрэ цIыхухъуитIрэ. Апхуэдэхэщ Амман щылажьэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ Къардэн Самир, Хьэвжокъуэ Джанет, ЩабэрыкIуэ Мунир сымэ.

Эмир Абдаллэ Езанэм къыгуэту Хьэшимит къэралыр зыухуа адыгэхэм ипэкIи пщIэ лъагэ къыхуащIащ. Иужьрей илъэс 14-м къриубыдэу сенатору щытащ ди лъэпкъым щыщ цIыхуитху: дипломатхэу Хьутат Джэмалрэ МафIэдз Иналрэ, дохутыр Iэзэ Хъунэгу Нэрмин, къэрал лэжьакIуэ Шыкъым Набил, профессор Бацэжь Мухьэмэд-Хьер сымэ. Апхуэдэ гулъытэр адыгэхэм къалэжьащ пащтыхьыгъуэм и зыужьыныгъэм хуащI хэлъхьэныгъэ инхэмкIэ.

Пащтыхь Абдаллэ ЕтIуанэм къахуищIа дзыхь лъагэр яхуэфащэу дыдэщ иджырей адыгэ сенаторхэми. Хьэвжокъуэ Джанет, Къардэн Самир, ЩабэрыкIуэ Мунир сымэ дохъуэхъу къыхуагъэфэща къалэнхэм пэлъэщу, я акъылыфIагъым, я Iуэху зехьэкIэ пэрытым апхуэдэ лъагапIэ куэдым иджыри нихьэсыну. ФэркIэ догушхуэ, ди лъэпкъэгъу лъапIэхэ!

*Дунейпсо Адыгэ Хасэ,*
*Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академие,*
*«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ,*
*«Iуащхьэмахуэ» журнал .*

# Къэралымрэ цIыху щхьэхуэхэмрэ я зэфIэкIхэр зэгъэуIуным топсэлъыхь

**КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр Мусуков Алий я пашэу республикэм и хьэрычэт лэжьакIуэ гуп хэтащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым къэралымрэ цIыху щхьэхуэхэмрэ я мылъкур зэгъэуIуауэ къызэрыщагъэсэбэпынум, хьэрычэт IэнатIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ зэрыщрагъэфIэкIуэнум теухуауэ Кисловодск къалэм щекIуэкIа зэIущIэм.**

АБЫ щытепсэлъыхьащ зэман гъунэгъум, апхуэдэу зэман кIыхьым тещIыхьауэ гъэзэщIакIуэ властым и органхэмрэ хьэрычэт IэнатIэхэмрэ зэрызэдэлэжьэнур зэтеухуэным. Конференцыр Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и дэIэпыкъуныгъэкIэ къызэрагъэпэщащ УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэмрэ МСП банкымрэ.

**КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.**

# Мы махуэхэм

**Жэпуэгъуэм и 26, щэбэт**

♦**Псы щIагъым зэрех Iэмэпсымэхэр къыщагупсыса махуэщ.** Швейцарием щыщ инженер Пикар Огюстрэ франджы биолог Моно Теодоррэ езыхэм къагупсыса аппаратым ису 1966 гъэм япэу псы щIагъым метр 1515-кIэ ехащ.

♦1863 гъэм дунейм щыяпэу къызэрагъэпэщащ Инджылызым и футбол зэгухьэныгъэр.

♦1976 гъэм СССР-м и шхапIэхэм бдзэжьей фIэкIа щамыпщэфI махуэ щагъэуват.

♦Жэпуэгъуэм и 26 - 27-хэм Москва щекIуэкIынущ «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и съездыр.

♦Журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Джэлэс Таужид** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Куэтэншы Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор **Дзыгъуанэ Ритэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 15, жэщым градуси 4 - 8 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 27, тхьэмахуэ**

♦**Тыркумэным и лъэпкъ махуэшхуэщ** - 1991 гъэм къэрал щхьэхуэ хъуащ.

♦1895 гъэм Транссиб гъущI гъуэгум и япэ Iыхьэр щIын яухащ.

♦Арменией ягу къыщагъэкIыж 1999 гъэм я парламентым щалэжьа терактым хэкIуэда къулыкъущIэхэр.

♦Куржым президент хэхыныгъэхэр щокIуэкI

♦Аргентинэм парламент хэхыныгъэхэр щокIуэкI.

♦Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм я къалащхьэ Абу-Даби жэпуэгъуэм и 27 - 31-хэм щызэхэтынущ радиоактивнэ пкъыгъуэхэр шынагъуэншэу къэгъэсэбэпыным, хъумэным теухуа дунейпсо конференц.

♦1940 гъэм Налшык къыщызэIуахащ Къэбэрдей, Балъкъэр къэрал драмэ театрхэр.

♦Урыс биолог, селекционер цIэрыIуэ **Мичурин Иван** къызэралъхурэ илъэси 158-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, журналист **Къамбий Джэфар** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 15, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 28, блыщхьэ**

♦**Анимацэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей ВВС-м и дзэ авиацэм и махуэщ**

♦**Дзэ Плъыжьым Украинэр хуит къыщищIыжа махуэщ (1944 гъэм)**

♦**Чех Республикэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - къэралыгъуэ хъуащ (1918 гъэм)**

♦Къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа икIи и классик **ЩоджэнцIыкIу Алий** къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦Юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и академик **Мысрокъуэ Замир** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 5 - 7 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ПащIэм къимыхьыр жьакIэм къихьыжыркъым.**

● Юбилей

# ПщIэ зыхуэтщI ди нэхъыжьыфIым и махуэшхуэмкIэ дохъуэхъу



Адыгэбзэкlэ къыдэкI республикэ газетыр зэфIэзыгъэувахэм, абы и бзэм зегъэузэщIыным, и пщIэр IэтыIным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, ди редакцэм и лэжьакIуэ нэхъыжьхэм ящыщ Мырзэкъан Суфян Жамболэт и къуэм и ныбжьыр илъэс 85-рэ дыгъуасэ, жэпуэгъуэм и 25-м, ирикъуащ. Абы щыщу илъэс 60-р журналист IэщIагъэм триухуащ. Суфян газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ къалэнырилъэс 34-м иту дзыхь къыхуащIри, пенсэ ныбжьым щхьэдэхыху ирихьэкIащ. Илъэс 80-р игъэлъапIэу, зызгъэпсэхунщ жиIэу тIысыжыху, газетым и зэдзэкIакIуэу лэжьащ.

ПщIэ зыхуэтщI ди нэхъыжьыфI Суфян! УнафэщI Iэзэу, зэдзэкIакIуэ лъэщу, узэщIакIуэ, гъэсакIуэ, чэнджэщэгъу Iущу къыддэлэжьа, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ адыгэлI щыпкъэм уи махуэшхуэмкIэ дынохъуэхъу. Узыншагъэ уиIэу, уи щхьэгъусэ Женя къыпкъуэту, уи махуэшхуэр пхуэзыIэт, дэрэжэгъуэ къозыт уи бынхэм, къуэрылъху-пхъурылъхухэм, абыхэм къатепщIыкIыжахэм я ехъулIэныгъэмрэ насыпымрэ уригушхуэу куэдрэ уащхьэщытыну, IэфIыгъэрэ гуапагъэкIэ гъэнщIа гъащIэ кIыхь къэбгъэщIэну ди гуапэщи, уи гурылъ псори Тхьэм къуигъэхъулIэ!

*«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.*

■ ХъыбарыщIэхэр ■ Дунейпсо Адыгэ Хасэ ■ Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Малъхъэдис ЩэбэткъыдэкIыгъуэ ■ Гъуазджэ

● Футбол

# Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизион

ТIощIрэ езанэ джэгугъуэ

«Спартак-Налшык» - «Динамо» (Санкт-Петербург)

Налшык. «Спартак» стадион.

Жэпуэгъуэм и 27. Сыхьэт 16-м.

# Унэхэр тэмэму яхуэгъэплъыну?

*(КӀэухыр. ПэщӀэдзэр 1-нэ нап.).*

Апхуэдэу къапщытащ «РусГидро» акционер зэгухьэныгъэ зэӀухам и «Къэбэрдей-Балъкъэр ӀуэхущӀапӀэ» къудамэм хиубыдэ электростанцу 6-р 2013 - 2014 гъэхэм я бжьыхьэ-щӀымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум зэрыхуэхьэзырыр. Ахэр Ӏуэхум зэрыхуэщӀамкӀэ актым жэпуэгъуэм и 11-м Ӏэ щӀадзащ икӀи лэжьыгъэхэм зэрахуэхьэзырымкӀэ паспорт къыӀахыжыну хуит ящӀащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ «Роснефть» щӀыдагъэ компание» - Къэбэрдей-Балъкъэр гъэсыныпхъэ компание» акционер зэгухьэныгъэ зэӀухамрэ зэгурыӀуэныгъэ зэращӀылӀащ гугъуехь гуэрхэр къыкъуэкӀмэ къагъэсэбэпын папщӀэ дизель гъэсыныпхъэ къешэлӀэным теухуауэ.

- «Газпром межрегионгаз Пятигорск» ООО-м и къудамэу КъБР-м щыӀэм и щӀыхуэшхуэ республикэм телъ пэтми, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым хиубыдэ ӀуэхущӀапӀэхэм лимиткӀэ къалъыс газыр къыхуаутӀыпщынущ, ахэр унэхэр щагъэплъ лъэхъэнэм зэблэу къыхэмыкӀыу лэжьэн папщӀэ, - жиӀащ доклад зыщӀам.

Бэлагъы Борис къыхигъэщхьэхукӀащ цӀыхухэр пӀащӀэгъуэкӀэ здэпсалъэ хъун телефон министерствэм зэрыщыӀэр. АбыкӀэ къаӀэрохьэ фэтэр куэд хъу унэхэр къагъэплъынымкӀэ щыӀэ никъусаныгъэхэм ятеухуа хъыбархэр. Апхуэдэ тхьэусыхафэхэм ящыщу зыри гулъытэншэу къагъанэркъым, ахэр зыхуэфащэ унафэщӀэр хэту зэхагъэкӀ. Иджыпсту унэ псори тэмэму ягъэплъын папщӀэ зэран хъу щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр языныкъуэ фэтэрхэр къызэрагъэплъ системэхэр зэгъэпэщыжын зэрамыухарщ, зыми емыупщӀу езы цӀыхухэм батарейхэр, газ хьэкухэр зэрагъэӀэпхъуэрщ.

Доклад зыщӀар хэхауэ тепсэлъыхьащ Чэримым и цӀэр зезыхьэ уэрамым тет псэупӀэ унэхэр псы хуабэкӀэ къызэгъэпэщын зэраухам, Пушкиным и цӀэр зезыхьэ уэрамым тет котельнэр нэхъ лъэщ зэращӀам.

- Бжьыхьэ-щӀымахуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыныр къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. А къалэным мы министерствэр пэлъэщащ икӀи унэхэр гъэплъыным тэмэму щӀадзащ. Иджы зэрыхуэфащэкӀэ елэжьыпхъэщ республикэм и псэупӀэ-коммунальнэ хозяйствэр зэпӀэзэрыту, зэблэу къыхэмыкӀыу 2013 - 2014 гъэхэм я бжьыхьэ-щӀымахуэ лъэхъэнэм гъэлэжьэным, - къыхигъэщхьэхукӀащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщӀ Чеченов Ануар. Къагъэсэбэпа энергием и уасэр зэратым зэпымыууэ зэрыкӀэлъыплъыпхъэр къигъэлъагъуэри, ар щӀэупщӀащ къагъэсэбэпа газымкӀэ къатехуа щӀыхуэр яшшыныжыну зэрамурадым. Бэлагъы Борис жиӀащ абы и лъэныкъуэкӀэ лэжьыгъэ пыухыкӀа зэрырагъэкӀуэкӀыр икӀи къыхигъэщхьэхукӀащ:

- Зэрыщыту къапщтэмэ, газымкӀэ щӀыхуэр фокӀадэ мазэм и закъуэ сом мелуан 500-м нэблагъэкӀэ ягъэмэщӀащ. Абы къыдэкӀуэу КъБР-м и Правительствэмрэ Межрегионгазымрэ зэгурыӀуащ 2015 гъэм щегъэжьауэ 2018 гъэм нэсыху газымкӀэ щӀыхуэм ящыщу сом мелуан 935-м нэблагъэ реструктуризацэ ящӀыну. Абы ипкъ иткӀэ, щӀыхуэхэр щапшыныжыну зэманхэр къыщыгъэлъэгъуа график къащтащ икӀи абы Ӏуэху хъарзынэхэр кърокӀуэ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщӀым и къуэдзэ Бозий Натбий щӀэупщӀащ гугъуехь гуэрхэр къыкъуэкӀым къагъэсэбэпыфын гъэтӀылъыгъэхэр зэращӀым. Бэлагъы Борис абы и жэуапу жиӀащ псэупӀэ-коммунальнэ комплексым хиубыдэу къутагъэ гуэрхэр къэхъумэ къагъэсэбэпын папщӀэ зыхуеину материал псори ягъэува мардэхэм тету зэраӀэр.

Докладым къыщыгъэлъэгъуахэмрэ депутатхэм жаӀахэмрэ япкъ иткӀэ Парламентым и Президиумым унафэ пыухыкӀа къищтащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, КъБР-м и Правительствэм чэнджэщ иратащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къигъэсэбэпа газымкӀэ зэтрихьа щӀыхуэр гъэмэщӀэным хуэунэтӀа Ӏуэху пыухыкӀахэр зэфӀигъэкӀыну. ЩӀыпӀэ унафэр зезыгъакӀуэ органхэм пщэрылъ щащӀащ коммунальнэ инфраструктурэр тэмэму лэжьэныр, цӀыхухэм псэупӀэ-коммунальнэ Ӏуэхутхьэбзэхэр зэблэу къыхэмыкӀыу яхуэщӀэныр, нэгъуэщӀ Ӏуэхухэри къызэрагъэпэщыну. А псоми къадэкӀуэу, парламентархэм къызэралъытамкӀэ, цӀыхухэм зэпымыууэ ягурыгъэӀуэн хуейщ къагъэсэбэп энергиемрэ Ӏуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэр тынымкӀэ хабзэхэм халъхьэ зэхъуэкӀыныгъэхэр. Апхуэдэу КъБР-м ПсэупӀэмкӀэ и къэрал инспекцэм чэнджэщ иратащ унэхэр щагъэплъ лъэхъэнэм фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ компаниехэмрэ псэупӀэр зи мылъкуу щытхэм я зэгухьэныгъэхэмрэ я лэжьэкӀэм кӀэлъыплъыну.

**БАТЫР Любэ,**
*КъБР-м и Парламентым и пресс-ӀуэхущӀапӀэм и унафэщӀ.*

● Уасэхэр

# ТкӀийуэ кӀэлъоплъ

**Сочэ къалэм щекӀуэкӀащ мыгъэрей уасэхэр зэхуэгъэкӀуэнымрэ абы и лъэныкъуэкӀэ етӀанэгъэ къапэщыт къалэнхэмрэ щызэпкъраха урысейпсо зэӀущӀэ.**


Кучменов ТӀэхьир

Абы хэта, КъБР-м энергетикэмкӀэ, ЖКХ-мрэ тариф политикэмкӀэ и министр Кучменов ТӀэхьир зэрыжиӀамкӀэ, 2013 - 2018 гъэхэм тещӀыхьауэ ягъэхьэзыр Ӏуэхугъуэ зэхэтыр хуэунэтӀащ монополистхэм ягъэув уасэхэр зэтеӀыгъэным, ахэр щэхуакӀуэхэм къатемыгъэхьэлъэным, коммунальнэ Ӏуэхутхьэбзэхэм я фӀагъым хэгъэхъуэным, Урысей Федерацэм тарифхэр зэрыщызэкӀэлъагъакӀуэ законодательствэр зэрагъэзащӀэм ткӀийуэ кӀэлъыплъыным, ахэр къызэпызудхэм ирагъэхь административнэ жэуапыр гъэлъэщыным. Аращ ТарифхэмкӀэ федеральнэ ӀуэхущӀапӀэм и унафэщӀ Новиков Сергей нэхъыщхьэу зытригъэщӀар.

ЩӀыналъэ къудамэхэм мыхьэнэшхуэ зиӀэ нэгъуэщӀ къалэнитӀ пщэрылъ щащӀащ. Апхуэдэщ уасэхэр зэӀубзу зэхуэгъэкӀуэнымрэ етӀанэгъэ тарифхэр зыхуэдэнум цӀыхухэр хэгъэгъуэзэнымрэ ЦӀыхухэм социальнэу къащхьэщыжын папщӀэ, УФ-м и Правительствэм и унафэкӀэ, 2014 гъэм и етӀуанэ мазихым проценти 4,2-кӀэ фӀэкӀа уасэм хагъэхъуэнукъым.

- Ар иужьрей зэманым нэхъ мащӀэ дыдэу къащта бжыгъэщ икӀи ику иту абы къэралым дыщытетыну щӀыналъэ властхэм къалэн щащӀащ,- къигъэлъэгъуащ Кучменов ТӀэхьир.

ЗэӀущӀэм щытепсэлъыхьащ токыр зэуӀуу, розницэу зэращэ уасэхэм я убзыхукӀэм, транспортым, коммунальнэ комплексым, хуабэр къэзыт ӀуэхущӀапӀэхэм тарифхэр зэрыщызэкӀэлъагъакӀуэм, газ ӀэнатӀэхэм уасэхэр зэрыщагъэув щӀыкӀэр егъэфӀэкӀуэным, судхэм пыщӀа Ӏуэхугъуэхэм.

***КъБР-м ЭнергетикэмкӀэ, ЖКХ-мрэ тариф политикэмкӀэ и министерствэм и пресс-ӀуэхущӀапӀэ.***



● Пресс-конференцхэр

# ЗэӀухауэ, хабзэм тету

**КъБР-м и ХэхакӀуэ комиссэм и унафэщӀ Джэш Вячеслав жэпуэгъуэм и 18-м пресс-конференц иригъэкӀуэкӀащ. Ар теухуауэ щытащ мы мазэм и 7 - 11-хэм Азербайджаным лэжьыгъэ ӀуэхукӀэ зэрыщыӀам.**

Фызэрыщыгъуазэщи, жэпуэгъуэм и 9-м Азербайджаным президент хэхыныгъэхэр щрагъэкӀуэкӀащ. Урысейм и ЦИК-м и Ӏэтащхьэм и унафэкӀэ, УФ-м и ХэхакӀуэ комиссэ нэхъыщхьэм и кӀэлъыплъакӀуэ гупым и нэхъыжьу абы сагъэкӀуащ. Гупым хэтащ къэралым и щӀыналъибгъум я лӀыкӀуэхэр. Апхуэдэщ Дагъыстэн, Ингуш, Къэрэшей-Шэрджэс, Саха (Якутие) республикэхэм, Камчаткэ, Ставрополь крайхэм, Тулэ областым я хэхакӀуэ комиссэхэм я унафэщӀхэр, Ярославль областымрэ Мэзкуу къалэмрэ ЦӀыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкӀэ я уполномоченнэхэр. УФ-м и ЦИК-м и лӀыкӀуэ гупыр СНГ-м и кӀэлъыплъакӀуэхэм ящӀыгъуу лэжьащ,- жиӀащ Джэш Вячеслав. - Къэралищэм, ОБСЕ-ри хыхьэу, организацэ 50-м я дунейпсо кӀэлъыплъакӀуэ 1300-м щӀигъу хэхыныгъэхэм хэтащ. Къищынэмыщӏауэ, щӀыналъэ кӀэлъыплъакӀуэ мин 52-м щӀигъум Ӏэ Ӏэтыр зэрекӀуэкӀыр зэпымыууэ хэӀущӀыӀу ящӀащ. Хэхыныгъэхэм пыщӀа Ӏуэху псори хабзэм тету, зэӀухауэ къызэрагъэпэщащ. Азербайджаным президент хэхыныгъэхэм зэрызыщыхуагъэхьэзырым набдзэгубдзаплъэу дыкӀэлъыплъащ. Кандидатхэр пщӀы хъурти, Ӏэ Ӏэтым и пэ къихуэ зэӀущӀэхэр дэтхэнэми пэрыуэншэу иригъэкӀуэкӀащ, я программэхэм щыубзыхуа Ӏуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр хъыбарегъащӀэ ӀэнатӀэхэмкӀэ зыубгъуауэ къаӀуэтащ, езыхэми, я дэрэгъухэми я хуитыныгъэ псори нэгъэсауэ къагъэсэбэпащ.

КъБР-м и ХэхакӀуэ комиссэм и унафэщӀым къызэрыхигъэщамкӀэ, политикэ, жылагъуэ мыхьэнэшхуэ зиӀэ а Ӏуэхур екӀуу, зэӀубзу, зэщӀэкъуауэ екӀуэкӀащ. Ӏэ яӀэтыну хуиту ятха цӀыху мелуани 5,1-м щӀигъум и процент 72,3-р хэхыпӀэ округи 125-м къыщызэӀуаха участкэ 5492-м екӀуэлӀащ, я дзыхь зрагъэзыр хабзэм тету тхылъкӀэ къагъэлъэгъуащ.

- Президент хэхыныгъэхэр гуфӀэгъуэ махуэшхуэ пэлъытэ хъуат. КонституцэкӀэ яӀэ хуитыныгъэр ягъэзэщӀэн мурадкӀэ, цӀыхухэр участкэхэм жыыуэ щызэхуэсырт. А махуэм иджыри зэ си нэгу щӀэкӀащ «Узэкъуэтмэ, улъэщщ», - псалъэхэм мыхьэнэшхуэрэ купщӀэ куурэ зэраӀэр. ХэхакӀуэхэм я нэгум къищырт мурадыфӀхэр зэраплъапӀэр, жэуаплыныгъэ ин зэрахэлъыр. Ӏэ Ӏэтыр тэмэму екӀуэкӀын папщӀэ лэжьыпхъэ къагъэнакъым, ашыкхэм абджыпсу узыпхыплът, пэшхэр иджырей ӀэмэпсымэхэмкӀэ зэпэщт. КӀэлъыплъакӀуэхэр сыткӀи арэзы ящӀырт, зыщӀэупщӀэ псомкӀи и чэзум къызэрагъэпэщырт. Республикэм и цӀыхухэм я фӀэфӀыныгъэр къагъэлъагъуэри, а къулыкъур нэхъ зыхуэфащэу къалъытэ Алиев Ильхьэм я дзыхь иратъэзащ. Ӏэ зыӀэтахэм я процент 84,7-р абы и телъхьэ хъуащ,- жиӀащ Джэш Вячеслав. - Я къызэгъэпэщыкӀэм щыщӀэныгъэ гуэрхэр иӀэмэ, хэхакӀуэ комиссэм хэтхэм псынщӀэ дыдэу ягъэзэкӀуэжырт. Ӏэ Ӏэтым зэран хуэхъуа никъусаныгъэ Ӏуэхум хэтлъэгъуакъым - зэщӀэкъуауэ, зэпӀэзэрыту, сыт и лъэныкъуэкӀи арэзы укъищӀу президент хэхыныгъэхэр республикэм къыщызэрагъэпэщащ.

Хэхыныгъэхэм зэрызыхуагъэхьэзырам, ахэр зэрекӀуэкӀым зэрыкӀэлъыплъам къэрикӀуам ипкъ иткӀэ, СНГ-м и кӀэлъыплъакӀуэхэм зыхуэфащэ тхылъ (заявленэ) ягъэхьэзыращ. Урысей Федерацэм и ХэхакӀуэ комиссэ нэхъыщхьэм и кӀэлъыплъакӀуэ гупым и унафэщӀ Джэш Вячеслави а тхылъым Ӏэ щӀидзащ. Абы зэӀущӀэм къыщыхигъэщащ дуней псом къыщалъытэ демократие пщалъэхэм тету Азербайджаным президент хэхыныгъэхэр зэрыщекӀуэкӀар, хуиту, нахуэу икӀи зэӀухауэ цӀыхухэм я фӀэфӀыныгъэр къызэрагъэлъэгъуар.

Журналистхэм я упщӀэхэм жэуап щаритым Джэш Вячеслав къытеувыӀащ дерс къызыхэпх хъуну къилъытэхэм. Апхуэдэщ хэхыныгъэхэр лэжьэгъуэ махуэм зэрыхуагъазэр, хэхакӀуэхэм я спискэхэр участкэхэм къызэрыщыфӀадзэр, ашыкхэр зэрыабджыпсыр, нэгъуэщӀхэри.

- Ди республикэм и ХэхакӀуэ комиссэр щӀыналъэ партхэм я къудамэ 37-м жыджэру ядолажьэ, къищынэмыщӀауэ, хэхыпӀэ участкэхэм я комиссэхэм хэтхэр идогъаджэ, я щӀэныгъэм хыдогъахъуэ, а Ӏуэхум адэкӀэ пызыщэну дызыщыгугъхэр нэхъ пасэу къыхыдохри, я къалэнхэм хыдогъэгъуазэ. Дяпэ илъэситхукӀэ лэжьэну комиссэхэр дгъэбелджылащ. Абыхэм цӀыху 5600-рэ хэтщи, еджэныр зэфӀэкӀа нэужь, дэтхэнэми къэрал сертификат еттынущ. ЕтӀанэгъэ фокӀадэм и 14-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутатхэр хэтхыну къытпэщытщ. Мыхьэнэшхуэ зиӀэ а Ӏуэхур тэмэму зэфӀэхынымкӀэ Азербайджаным щытлъэгъуахэр сэбэп къытхуэхъуну къызолъытэ,- къыхигъэщащ щӀыналъэ ХэхакӀуэ комиссэм и унафэщӀым.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**

● Коллегиехэр

# Мазибгъум къэрикӀуахэр

**Наркотикхэр зегъэкӀуэным кӀэлъыплъынымкӀэ федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыӀэм блэкӀа мазибгъум я лэжьыгъэм къикӀуахэр щызэхалъхьэжащ, къапэщыт къалэнышӀэхэм ящыщу гу нэхъ зылъытапхъэхэр щаубзыхуащ.**

ЗэӀущӀэм къыщахьа бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэщи, илъэсыр къызэрихьэрэ республикэм и наркополицейхэм хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр игъэкӀыным теухуа щӀэпхъаджагъэ 386-рэ къыщӀагъэщащ. Наркоман зэхуэсыпӀэу 37-рэ зэхуащӀыжащ.

Коллегием къыщыпсэлъахэм къыхагъэщащ а бжыгъэхэр илъэс кӀуам и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ нэхъ мащӀэ зэрыхъуар. ЗэрыжаӀамкӀэ, наркоман куэдым къагъэсэбэп хъуащ аптекэхэм хуиту щащэ хущхъуэхэкӀхэр.

Зриплъэж лъэхъэнэм наркополицейхэм республикэм щылажьэ аптекэ 20 къапщытащ икӀи абыхэм я унафэщӀхэм наркотикым дихьэххэм къагъэсэбэп хущхъуэхэкӀхэр рецептыншэу игъэкӀыныр къызэремызэгъыр хуагъэлъэгъуащ. НаркоӀуэхущӀапӀэм и Следственнэ къудамэм мазибгъум къриубыдэу уголовнэ Ӏуэху 276-рэ къиӀэтащ. УФСКН-м и ӀэнатӀэхэмрэ щӀыпӀэ администрацэхэм я Ӏэтащхьэхэмрэ я къарукӀэ республикэм и щӀыналъэм езыр-езыру къэкӀ щӀэп гектар 33-м щӀигъу (тонн 68,7-рэ) щӀыпӀи 142-м щагъэкӀуэдащ.

УФСКН-р зыхэплъа уголовнэ Ӏуэхухэм япкъ иткӀэ 2013 гъэм и мазибгъум судхэм къащта унафэхэм республикэм и наркополицейхэр ириплъэжащ. Къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэщи, хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр игъэкӀыным ехьэлӀауэ къащта унафэхэр зытещӀыхьахэм я процент 60-м балигъ мыхъуа сабийхэр япӀ, уголовнэ жэуапым ирашалӀэхэм я нэхъыбэм зэрыпсэун хэхъуэ, лэжьыгъэ ӀэнатӀэ яӀэкъым. Абыхэм я Ӏыхьэ щанэр мызэ-мытӀэу жэуапым ирашэлӀащ. ИрагъэкӀуэкӀа къэпщытэныгъэм кърикӀуахэр Балигъ мыхъуахэм я ӀуэхухэмкӀэ, абыхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкӀэ правительствэ комиссэм хуагъэхьащ, зи чэзу зэӀущӀэм абы щыхэплъэн папщӀэ

**МАРШЭНКЪУЛ Наталье.**

● ӀэнатӀэхэр

# И цӀэхэр ихъуэж зэпытми...

**«Урысей мэзхъумэ» федеральнэ бюджет ӀуэхущӀапӀэм и къежьапӀэр егъэщӀылӀащ « Мэзпроект» союзпсо конторэм и деж мэзыр зезыхьэну экспедицэ къыщызэгъэпэщыным теухуауэ 1938 гъэм СССР-м и Правительствэм къищта унафэм. Ар мэзым щӀэт жыгхэм яхуэлъэ хьэпӀацӀэ шынагъуэ лӀэужьыгъуэхэмрэ, къеуалӀэ узхэмрэ кӀэлъыплъын, абыхэм япэщӀэтын хуейт. ИужькӀэ ӀэнатӀэм зэхъуэкӀыныгъэ зыбжанэ игъуэтащ. 1951 гъэм къыщыщӀэдзауэ 1976 гъэр къэсыху « Мэзпроект» союзпсо зэгухьэныгъэ трестым и 5-нэ Москва экспедицэу щыту абы Совет Союзым и щӀыналъэми нэгъуэщӀ къэралхэми кӀэлъыплъыныгъэхэр щригъэкӀуэкӀащ. Илъэс къэс къапщытэрт гектар мелуани 10-м щӀигъу. 1976 гъэм къудамэ зыбжанэ иӀэ зэрыхъуам къыхэкӀыу зи гугъу тщӀы ӀуэхущӀапӀэм и кӀэлъыплъыныгъэм щӀагъэувар гектар мелуан 13 хъурт.**

Зи гугъу тщӀы ӀуэхущӀапӀэр иужькӀэ Мэз къулеигъэм и союзпсо щӀэныгъэ-къэхутакӀуэ институтым хагъэхьащ. Ар и лъабжьэу 1998 гъэм Мэзыр хъумэнымкӀэ урысей центрыр къызэрагъэпэщащ. Урысей Федерацэм ЩӀыуэпс къулеигъэхэмкӀэ и министерствэм 2001 гъэм гъатхэпэм и 19-м къыдигъэкӀа унафэ №232-м ипкъ иткӀэ ар зэрахъуэкӀащ «Мэзыр хъумэнымкӀэ урысей центр» федеральнэ къэрал ӀуэхущӀапӀэу. Абы хагъэхьащ центрым Урысей Федерацэм и щӀыналъэхэм щиӀэ къудамэ псори.

«Мэзыр хъумэнымкӀэ Ставрополь станцыр» 1981 гъэм къызэрагъэпэщащ икӀи 2002 гъэм «Урысейм и мэзхъумэ» федеральнэ къэрал ӀуэхущӀапӀэм и Ставрополь къудамэ хъуащ. Мы зэманым абы и нэӀэ щӀэтщ Ростов областыр, Ставрополь крайр, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэр.

Иужь илъэсхэм Мэзыр хъумэнымкӀэ урысей центрым и зэфӀэкӀым хэхъуащ къалэнышӀэхэр пщэрылъ зэрыщащӀам икӀи и къудамэщӀэхэр къызэрызэӀуахам я фӀыгъэкӀэ. Мы зэманым абы щӀыналъэ къудамэ 42-рэ иӀэщ.

ЗэрыщыӀэрэ блэкӀа илъэс 74-м ӀуэхущӀапӀэм и лэжьакӀуэхэр якӀэлъыплъащ къэралым и мэз псоми. 2013 гъэм и щэкӀуэгъуэм абы игъэлъэпӀэнущ езыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 75-рэ зэрырикъур.

**МЭШЫКЪУЭ Хьэсэнбий.**

● Бахъсэн щӀыналъэ

# ЗэрызыщӀагъакъуэм и фӀыгъэкӀэ

**2011 - 2015 гъэхэм ятещӀыхьа «ПсэупӀэ» федеральнэ программэ хэхам «УнэгъащӀэхэр псэупӀэкӀэ къызэрызэрагъэпэщынур» и программэ гуэдзэм зэрыщыубзыхуам тету, Бахъсэн районым щыщ унагъуэщӀэу 6-м мы махуэхэм сертификатхэр иратащ. Абыхэм хуэзэ сом мелуани 5-м щыщу мин 670-м щӀигъур муниципальнэ щӀыналъэхэм я мылъкущ.**

Кыщпэкдэсхэу Къардэнхэрэ Тхьэгъэпсохэрэ хухаха субсидиемкӀэ унэ яухуэнущ, АбытӀэхэ (Зеикъуэ), Абазокъуэхэ (Кыщпэк), Гъуэтыжхэ, Степанхэ ( Къулькъужын Ищхъэрэ) псэупӀэ къащэхунущ.

УнэгъащӀэхэм защӀэгъэкъуэным теухуа программэр 2008 гъэ лъандэрэ районым щагъэзащӀэ. А зэманым къриубыдэу унагъуэщӀэ 43-м унэ яухуащ е псэупӀэ хьэзыр къащэхуащ.

Программэм хэтхэм зэрыжаӀамкӀэ, къэралыр зэрадэӀэпыкъум унагъуэр егъэбыдэ, къуажэм уней хозяйствэ щызэрахьэну Ӏэмал къахузэрегъэпэщ.

**АЛОКЪУЭ Аринэ.**

● Лэскэн щӀыналъэ

# Тонн мини 10-кӀэ нэхъыбэ

**Хабзэ зэрыхъуауэ, Лэскэн районым дапщэщи хадэхэкӀ бэв къыщрахьэлӀэ, ауэ мы илъэсыр адрейхэм йофӀэкӀ.**

Мы зэманым хадэхэкӀыу тонн мин 78-рэ кърахьэлӀэжащ. Ар нэгъабэрей бжыгъэм тонн мини 10-кӀэ щӀегъу. ЩӀыпӀэ администрацэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкӀэ и ӀуэхущӀапӀэм и унафэщӀ Куэшей Исмэхьил къызэрыджиӀамкӀэ, хадэхэкӀхэр хуабжьу яхуэбэгъуащ, адрей илъэсхэм елъытауэ куэдкӀэ нэхъыбэ зэщӀакъуэжащ.

Районым гъавэ щӀапӀэу иӀэ гектар 15460-м щыщу 3780-м нэблагъэр мы гъэм а къэкӀыгъэхэм хухахащ.

**ГУӀЭТЫЖ Залинэ.**

● Аруан щӀыналъэ

# Утыку щӀэращӀэ

**Нарткъалэ и «Райпо» хьэблэр зэӀузэпэщ щӀыным теухуа лэжьыгъэхэр йокӀуэкӀ.**

Къалэдэсхэм тетӀысхьэпӀэ екӀухэр хуагъэуващ, сабий нэхъ цӀыкӀу дыдэхэр къызэжэхыну Ӏуащхьэхэр ящӀащ, спорт Ӏэмэпсымэхэр ягъэуващ, ауэ абыкӀэ зэфӀэкӀынукъым: цӀыкӀухэр дэпщеину кӀапсэ лэрыгъу зыфӀэщӀа турник, баскетбол зэрыджэгу топыр зрадзэ матэ кӀэрыщӀар, хъринэхэр - а псори щыӀэнущ. Сабий джэгупӀэр къэзыгъэнэхуну уэздыгъэ гъэщӀэрэщӀахэри фӀадзащ.

Ухуэныгъэр иджыри и кӀэм нэмыса пэтми, къалэдэс сабийхэр мы щӀыпӀэм къашэ. ӀэщӀагъэлӀхэм зэрыжаӀэмкӀэ, мыбдеж щаухуэну аттракционым, джэгупӀэ къудей мыхъуу, зи школ кӀуэгъуэ нэмыса цӀыкӀухэм я акъылым зезыгъэужь гуэрхэри хэтынущ. Къапщтэмэ, абыхэм ящыщщ бжыгъэхэр зытет пкъо къекӀэрэхъуэкӀхэр. ДжэгупӀэм ит псори щхъуэкӀэплъыкӀэу ялащ, сабийхэми, уеблэмэ балигъхэми я гукъыдэжыр къиӀэту.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

# «Нарткъалэ» сату щӀапӀэ

**Нарткъалэ щызэхэт унэхэм щӀэуэ иджыри зы къахэхъуащ. Ар къатищу зэтет Сату щӀапӀэ центрырщ.**

Езы къалэм и фӀэщыгъэцӀэр зезыхьэ мы уардэунэр иджырей дунейпсо мардэ нэхъыфӀхэм тету яухуащ. КъимыдэкӀэ, екӀущэу зэщхьэщыгъэкӀуэта къатхэр щӀыпӀэм и архитектурэ гъэпсыкӀэм сыт и лъэныкъуэкӀи хозагъэ.

Къат къэс сату щӀапӀэ зал хуитхэр хэтщ. Ахэр центрым щылэжьэнухэми щэхуакӀуэхэми къазэрыхуэщхьэпэным тету яубзыхуащ.

Иджыпсту ухуакӀуэхэм кърахьэлӀэ къэнэжа лэжьыгъэ цӀыкӀуфэкӀухэр.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Дзэлыкъуэ щӀыналъэ

# Бжьыхьэсэм щӀадзэ

**Дзэлыкъуэ районым и мэкъумэшыщӀэхэм илъэс къэс гъавэ хъарзынэ къохъулӀэ. Бэджэндырылажьэхэм мы гъэри яхуэфӀащ.**

Къапщтэмэ, Тэтэркъан Лолэ гектари 10-м щызэрихьа бжьыхьэсэ хьэм дэтхэнэми ику иту центнер 42-рэ, гуэдзыр щыӀуихыжа гектар 20-м - центнер 45-рэ къыщӀиӀукӀащ. Гектар 60-м трищӀа нартыхур къыдэчыжын еух. Мы гъэми игъэкӀар «Терма» жылапхъэ лӀэужьыгъуэм хуэдэщ - гектарым ику иту центнери 110-рэ къет.

Тэтэркъан Лолэ зэрыжиӀамкӀэ, бжьыхьэсэм щӀадзащ. Гуэдзым гектар 30 хуагъэхьэзыращ, гектар 15-м хьэр тращӀащ.

**БЖЬАХЪУЭ Маринетэ.**



● Шэрэдж щӀыналъэ

# Жэмтхьэлэ Польшэм гъунэгъу хуэзыщӀыр

**Зауэм и хабзэхэр гущӀэгъуншэщ, и ӀэнатӀэхэр псэзэпылъхьэпӀэщ. Хэкум и щӀыфэм удыну къыхуагъэдалъэр бгъэгукӀэ къэзыгъэувыӀэ зауэлӀхэми гъащӀэр фӀыуэ ялъагъуртахэри хуейт псэуну. Хэкум папщӀэ зи псэр зытахэм я цӀэхэр ихъумэну щӀылъэм къылъысыжащ. Зауэм и хъыбархэр гъащӀэрщ къэзыӀуэтэжыр.**

Шэрэдж куейм хыхьэ Жэмтхьэлэ Ищхъэрэ къуажэм щыщ **Бозаев Ахъмэт** и кхъащхьэр Польшэм къыщагъуэтыжащ. ЗауэлӀым гукъэкӀыж пшыхь щыхуащӀащ щалъхуа къуажэм дэт школым. Абы кърихьэлӀащ район администрацэм и лэжьакӀуэхэр, къуажэм дэс ветеранхэм я советым хэтхэр, КъБР-м ЦӀыхубэ хъыбарегъащӀэ ӀэнатӀэхэмкӀэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкӀэ и министерствэм и лэжьакӀуэхэр, егъэджакӀуэхэмрэ еджакӀуэ цӀыкӀухэмрэ, республикэм и щӀалэгъуалэм я лӀыкӀуэхэр.

Бозаев Ахъмэт (Михаил) Жэмтхьэлэ Ищхъэрэ къуажэм 1914 гъэм къыщалъхуащ. И адэ Хъусейн балъкъэрт, и анэ Бэбуш адыгэт. Бозаевхэ я унагъуэм щӀалихрэ зы хъыджэбзрэ яӀэт. 1938 гъэм и щӀышылэм Ахъмэт Дзэ Плъыжьым ираджащ. Украинэм къулыкъу щищӀэрт, зауэр къыщыхъеям. ЩӀалэм дзэм кърихтыкӀ письмохэм щӀитхэрт Михаил цӀэр - къулыкъу къыдэзыщӀэхэр абыкӀэ къеджэу къыщӀэкӀынут. Ар щызэуащ КъухьэпӀэ Ипщэ, Воронеж фронтхэм. 309-нэ дивизэм и 957-нэ фочгъауэ полкым и взводым и командиру щытащ. 1945 гъэм и гъатхэпэм лейтенант нэхъыжь Бозаев Ахъмэт Вроцлав къалэм иужьрей зауэм щыхэтащ. И къуэш нэхъыжьхэу Махътырэ Ибрэхьимрэ хуэдэу, ар иджыри къыздэсым зауэм хъыбарыншэу хэкӀуэдахэм хабжэу къэгъуэгурыкӀуащ. Илъэс ипэ зауэлӀым и унагъуэр щыгъуазэ хъуащ абы зауэм лӀыхъужьыгъэ куэд зэрыщызэрихьам папщӀэ орденхэмрэ медалхэмрэ къызэрыхуагъэфэщам. Абы кърatат «Бэракъ плъыжь», «Невский Александр» орденхэр, нэгъуэщӀхэри. Хъыбарыр Жэмтхьэлэ къыщысам, Ахъмэт и къуэш нэхъыщӀэ Муслим псэут. Ар иригушхуэрт абы къызыхэкӀа лъэпкъым, и унагъуэм и щӀыхьымрэ и пщӀэмрэ зэрихъумам.

- Хъыбарыншэу кӀуэдахэм зэман кӀыхькӀэ хабжащ Бозаев Ахъмэт. Мазэ ипэ хъыбар къытӀэрыхьащ абы и кхъащхьэр Польшэм, Вроцлав къалэм къыщагъуэтыжауэ. Дэри, мыбы дыщылъыхъуащ абы и Ӏыхьлыхэм. КъызэрыщӀэкӀамкӀэ, абы и къуэшым ипхъу ди школым щолажьэ. Бозаевым и шынэхъыщӀэр мазэ бжыгъэ и пэ дунейм ехыжащ. Зауэр щекӀуэкӀа зэманымрэ иджыри я зэхуакум гъуэгуанэ кӀыхь дэлъ пэтми, блэкӀам дыпыщӀащ. Нобэ лъыхъуакӀуэ гупхэм лэжьыгъэшхуэхэр ирагъэкӀуэкӀ абы теухуауэ: зауэ зэманым хэкӀуэдауэ щытахэм я хьэдэр, къупщхьэлъапщхьэр, кхъащхьэр къагъуэтыжыф. Ар Ӏуэху хъарзынэщ, - щыжиӀащ школым и унафэщӀ **Дохъушокъуэ ТӀэхьир** и фӀэхъус псалъэм.

Пшыхьыр къызэӀуахащ еджакӀуэ ныбжьыщӀэхэм. Ахэр тепсэлъыхьащ Бозаев Ахъмэт и гъащӀэм, зауэм теухуа усэхэм гъэхуауэ къеджащ. ЩӀэблэм я нэгум къищырт зытепсэлъыхь Ӏуэхугъуэм пщӀэ зэрыхуащӀыр, дэтхэнэ псалъэри я гум зэрыхыхьэр. Къызэхуэсахэм я гуапэ хъуащ ныбжьыщӀэхэм зэхэщӀыкӀ зэраӀэр. Гуауэр зыхищӀэфынырщ цӀыхур цӀыхуу къэзыгъанэр.

- Ди адэм куэд къызжиӀэжащ и къуэшым теухуауэ. А хъыбархэм къахэщырт ар цӀыху пэжу, зэпӀэзэрыту, гурыхуэу зэрыщытар. Зауэ ӀэнатӀэм къыщигъэлъэгъуащ лӀыгъэрэ бэшэчагъэрэ. СэркӀэ пщӀэщ абы и щӀыхьыр схъумэнри, слъэкӀ къэзгъэнэнкъым. Абы и цӀэр Бозаевхэ къащӀэхъуэ щӀэблэм ящымыгъупщэныр си къалэну къызолъытэ, - жиӀащ зауэлӀым и къуэшым ипхъу **Османовэ Зарэ.**

Район администрацэм и унафэщӀым и къуэдзэ **Къазий Анатолэ** къыхигъэщащ зауэм Ӏутахэм я фэеплъыр хъумэныр пщӀэ зыпылъ Ӏуэхуу зэрыщытыр.

- Гудзакъэ зиӀэ цӀыхухэм мыхьэнэ ин ират мыпхуэдэ зэӀущӀэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым зауэм дигъэкӀащ цӀыху мин 60-м щӀигъу. Шэрэдж районым щыщу абы яхэтащ 2841-рэ. 2267-м къагъэзэжакъым. Абыхэм ящыщ зыщ Бозаев Ахъмэт (Михаил). Ди район къудейм апхуэдиз уасэ щӀитащ ди къэкӀуэнум. Бозаевыр щыщӀалъхьа щӀыпӀэр къызэрахутар куэд и уасэщ. Апхуэдэ дапщэм я хьэдащхьэм я Ӏыхьлыхэр темыплъэжарэ?! ЛъыхъуакӀуэ гупыр иджыри щӀэлажьэр аращ, - жиӀащ абы.

Гукъэкӏыж пшыхьым и хьэщӀэт, КъБР-м ЩӀалэгъуалэ ӀуэхухэмкӀэ и департаментым и лэжьакӀуэ **Къарэ Ратмир** зи пашэ гупыр.

- Хэку зауэшхуэм и мафӀэ лыгъэм пэрыта зауэлӀхэм я хъуэпсапӀэр зыт - щӀэблэр мамыру псэунырт. Арaщ куэдым я гъащӀэр зыщӀатар, - жиӀащ абы.

КъБР-м и Ӏэтащхьэ **Къанокъуэ Арсен** и цӀэкӀэ мы гъэм и бадзэуэгъуэм къагъэхьа письмом Польшэм, Вроцлав къалэм, КъБР-м щыщ зауэлӀитӀым я кхъащхьэхэр къызэрыщагъуэтам теухуа хъыбар итт. ЕтӀуанэм и благъэхэм я лъагъуэ иджыри дытехьэфакъым. ЛъыхъуакӀуэ гупым я лэжьыгъэр зэпагъэуркъым - догугъэ иджыри ди хэкуэгъу куэд къагъуэтыжыну, - къыхигъэщащ Ратмир.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**



● Налшык

# Хьэкухэр мэлажьэ

**Къалэр хуабэкӀэ къызэзыгъэпэщ «ТЭК» ОАО-м и «Пушкино» котельнэм ремонт лэжьыгъэшхуэхэр къыщрахьэлӀэ. Абыи Ӏуэхутхьэбзэр къалэдэс мин 12-м яӀэрохьэ. Къищынэмыщӏауэ, котельнэм къегъэщӀылӀащ къулыкъущӀапӀэ, хьэрычэтщӀапӀэ, социальнэ ӀэнатӀэ зыбжанэ.**

ЗэрызэрагъэпэщыЖым и мызакъуэу, гъэплъыпӀэм зэхъуэкӀыныгъэ щхьэхуэхэри ират. Зыхуей-зыхуэфӀхэм ехьэлӀа монтаж лэжьыгъэхэр зэфӀагъэкӀащ. Абыхэм я лэжьэкӀэр щэкӀуэгъуэм и 10-м нэсыху ягъэунэхунущ.

Ремонтыр зэрырагъэкӀуэкӀым щхьэкӀэ къэмынэу, хьэкуи 3 ягъэлажьэ. Ахэр я къарум къызэрихькӀэ иджыпсту яутӀыпщыркъым - къызэрагъэсэбэпыр я лэжьыгъэ мардэм и процент 30-рщ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

# Хуитыныгъэхэр фхъумэ

*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хь. Хь. деж*

ПщІэ зыхуэсщІ Хьэутий Хьэзрит и къуэ!

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Аппаратым 2013 гъэм шыщхьэуІум и 9-м къигъэхьа тхыгъэ № Ш6-37587-м ипкъ иткІэ, Урысей Федерацэм ЩІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэр Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Зэхуэсышхуэу (адэкІэ - Зэхуэсышхуэщ) 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м Налшык къалэм щекІуэкІам къыщта унафэм хэплъащ икІи абы къиІэт Іуэхухэм ятеухуауэ мы къыкІэлъыкІуэмкІэ хъыбар удогъащІэ.

Псом япэу ди гуапэ хъуащ Сирием щыІэ щытыкІэр зэтес щІыжыным хуэгъэзауэ Урысей Федерацэм дунейпсо утыкум щызэфІигъэкІхэмрэ Сирие Хьэрып Республикэм и цІыхухэм, абыхэм ди хэкуэгъухэри яхэту, ядэІэпыкъуныкІэ илэжьхэмрэ ятеухуа фІыщІэ псалъэхэр Зэхуэсышхуэм и унафэм къызэрыхэщыр.

Сирие Хьэрып Республикэм щыІэ адыгэ диаспорэм и Іуэху зыІутым Урысейм НэгъуэщІ къэрал ІуэхухэмкІэ и министерствэм и нэІэ зэпымыууэ тригъэтщ. Урысей Федерацэм сыт хуэдэ зэпсэлъэныгъэхэми, сыт хуэдэ утыкуми а къэралым щыІэ зэгурымыІуэныгъэхэр нэгъуэщІ къэралхэр хэмыІэбэу езы къэралым и цІыхухэм зэпсалъэурэ дагъэкІын зэрыхуейр зэкІэлъыкІуэу пхегъэкІ. Урысей Федерацэр щІобэн сыт хуэдэ залымыгъэри икІэщІыпІэкІэ къызэтегъэувыІэным, ІэщэкІэ зэпэщІэтыным къыпыкІыу политикэ зэдэлэжьэныгъэм хуэкІуэным икІи абы ипкъ иткІэ, Сирием щыпсэу дэтхэнэ зыри зыхущІэкъухэм къезэгъ зэхъуэкІыныгъэхэр егъэжьэным. Абы папщІэ Урысейм НэгъуэщІ къэрал ІуэхухэмкІэ и министерствэм Сирием щызэныкъуэкъу псоми, зэхэгъэж хэмыту зэпещІэ. Апхуэдэ зэІущІэхэм абы хэхауэ къыщыхегъэщ урысей цІыхухэм ящыщ сыт хуэдэ гупхэми, абыхэм адыгэ диаспорэри яхэту, Сирием и цІыху псоми шынагъуэншагъэ яІэн, къэралым и политикэ, социально-экономикэ гъащІэм хэтынымкІэ зэхуэдэ хуитыныгъэхэр къахузэгъэпэщын зэрыхуейр.

НэгъуэщІ къэралхэм щылажьэ урысей ІуэхущІапІэхэм хуагъэуващ Урысей Федерацэм и субъекту Кавказ Ищхъэрэм щыІэхэм я администрацэхэм, щІыналъэ властхэм, Кавказ Ищхъэрэм щыщ диаспорэу Сирием щыпсэухэм ящІыгъуу Сирие Хьэрып Республикэм щыІэ щытыкІэм зэрызихъуэжым гулъытэ яхэлъу кІэлъыплъыну. Урысей Федерацэм и лІыкІуэ ІуэхущІапІэу Дамаск къалэм щыІэм ягъэува хабзэхэм тету, зыхуэфащэ лъэІухэр къаІех, хуэныкъуэхэм консульскэ, къинэмыщІ дэІэпыкъуныгъэхэр ярет. Визэ Іуэхухэр нэхъ къызэрыгуэкІыу зэфІэгъэкІыным теухуа зэгурыІуэныгъэ Урысей Федерацэмрэ Сирие Хьэрып Республикэмрэ яку зэрыдэмылъым къыхэкІыу, визэхэр Урысей Федерацэм и иджырей законодательствэм тету ят. Урысей Федерацэм апхуэдэу лэжьыгъэшхуэ зэфІегъэкІ Сирием и цІыхухэм, абыхэм ящыщ Кавказ Ищхъэрэм щыщ лъэпкъхэм я лІыкІуэхэм, зыхуэфащэ дэІэпыкъуныгъэ пыухыкІахэр етыным и лъэныкъуэкІэ. ПІалъэ пыухыкІахэм тету Урысейм и МЧС-м и кхъуухьлъатэхэм а къэралым хущхъуэхэр, ерыскъыпхъэхэр, медицинэ Іэмэпсымэхэр, сабий шхыныгъуэхэр, шэтырхэр, тепІэнщІэлъынхэр, къинэмыщІхэр яшэ.

Сирием и цІыхухэм, абыхэм Кавказ Ищхъэрэм щыщ лъэпкъхэм я лІыкІуэхэри хэту, гуманитар дэІэпыкъуныгъэ иратын папщІэ Урысей Федерацэм ахъшэшхуэ хуеутІыпщ дунейпсо зэгухьэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэми. Мыгувэу гъэзэщІа хъунущ Сирием, Ливаным, Иорданием щыщ цІыхухэм ядэІэпыкъуным теухуауэ Іэпхъуэшапхъуэхэм я ІуэхухэмкІэ ООН-м и Комиссар нэхъыщхьэм и управленэм и программэм донор ахъшэу доллар мелуани 10 хэлъхьэным теухуауэ Урысей Федерацэм и Правительствэм къищта унафэр. 2013 гъэм и пэщІэдзэм къащтауэ щытащ Урысей Федерацэм Іэпхъуэшапхъуэхэм я ІуэхухэмкІэ ООН-м и Комиссар нэхъыщхьэм и управленэм гъэ къэс ират взносым щыщ Іыхьэр (доллар мин 300) къэралым зэхэзехуэн щащІа цІыхухэм ядэІэпыкъун папщІэ яхухэхыным теухуауэ. Гуманитар дэІэпыкъуныгъэм, абы Іэпхъуэшапхъуэхэм я ІуэхукІэ дунейпсо зэгухьэныгъэм зэфІигъэкІхэри хэту, дяпэкІэ нэхъри хэхъуэну къыщІэкІынщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, Адыгэ Республикэм, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм нэгъуэщІ къэралхэм ис ди хэкуэгъуу къэІэпхъуэжыну хуейхэм защІэгъэкъуэнымкІэ Урысей Федерацэм и субъектхэм я щІыналъэ программэхэм я проектхэр (адэкІэ - цІыхухэр къэгъэІэпхъуэжынымкІэ щІыналъэ программэщ) зэрызэхалъхьэм и гугъу пщІымэ, мы къыкІэлъыкІуэмкІэ хъыбар фыдогъащІэ.

НэгъуэщІ къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъуу езыхэм яфІэфІу Урысей Федерацэм къэкІуэжыну хуейхэм защІэгъэкъуэнымкІэ къэрал программэм (адэкІэ - Къэрал программэщ), Урысей Федерацэм и Президентым 2006 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м къыдигъэкІа Указ №637-мкІэ къищтам, и 55-нэ пунктым зэритымкІэ, Урысей Федерацэм и субъектым и экономикэр къагъэІэпхъуэжыну цІыхухэм щахуэмыныкъуэм, Урысей Федерацэм и субъектыр ахэр къегъэблэгъэжынымрэ я пІэ игъэзэгъэжынымрэ щыхуэмыхьэзырым, апхуэдэу цІыхухэр къэгъэІэпхъуэжынымкІэ щІыналъэ программэхэр гъэзэщІэным шынагъуэ пыухыкІахэр щыпылъым и деж Урысей Федерацэм и Правительствэм хуитыныгъэ иІэщ, Урысей Федерацэм и субъектым и къулыкъу нэхъыщхьэ дыдэр зыІыгъым (къэрал властым и гъэзэщІакІуэ орган нэхъыщхьэм и унафэщІым) лъабжьэ иІэу зэрызыкъыхуигъэзам ипкъ иткІэ, цІыхухэр къэгъэІэпхъуэжынымкІэ щІыналъэ программэм и проектыр Урысей Федерацэм а и субъектым щызэхилъхьэну пІалъэр игъэІэпхъуэну.

Адыгэ Республикэм, Дагъыстэн Республикэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьапІэхэр зэрыщызэпэубыдам икІи ахэр экономикэ щытыкІэ мытыншым зэритым къыхэкІыу, Урысей Федерацэм а и субъектхэм я унафэщІхэм къыхалъхьэри, Урысей Федерацэм и Правительствэм 2011 гъэм гъатхэпэм и 1-м къыдигъэкІа унафэ №329-р-мкІэ цІыхухэр къэгъэІэпхъуэжынымкІэ зыхуэфащэ щІыналъэ программэхэр Урысей Федерацэм а и субъектхэм щызэхалъхьэну пІалъэр ягъэІэпхъуащ. Краснодар, Ставрополь крайхэм я унафэщІхэми зэрызыкъыхуагъэзам ипкъ иткІэ, цІыхухэр къэгъэІэпхъуэжынымкІэ зыхуэфащэ программэхэр а щІыналъэхэм щызэхалъхьэну пІалъэхэр Урысей Федерацэм и Правительствэм 2012 гъэм щІышылэм и 27-м къыдигъэкІа унафэ №57-р-мкІэ ягъэІэпхъуащ. А программэхэр зэрагъэІэпхъуа пІалъэр мы зэманми икІакъым.

Къэрал программэм и пункт 49-м ипкъ иткІэ, цІыхухэр къэгъэІэпхъуэжынымкІэ щІыналъэ программэхэр Урысей Федерацэм и Правительствэр арэзы тохъуэ а программэр зэрагъэзэщІэнум Урысей Федерацэм зыхуэфащэ и субъектхэм щыпсэу цІыхухэм лэжьыгъэм, нэгъуэщІ Іуэхухэм хуэгъэзауэ яІэ хуитыныгъэхэр къызэпимыудыну нэужьым.

А псоми къадэкІуэу хъыбар удогъащІэ, Урысей Федерацэм и Правительствэм 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м къыдигъэкІа унафэ №75-м къызэригъэувым хуэдэу, гъэзэщІакІуэ властым и федеральнэ органхэр акъылэгъу хъун папщІэ цІыхухэр къэгъэІэпхъуэжынымкІэ щІыналъэ программэм и проектыр Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм къыбгъэдэкІыу Урысейм ЩІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм къызэрыІэрымыхьамкІэ.

**ИВАНОВЭ С.В.,**
*УФ-м ЩІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и статс-секретарь, министрым и къуэдзэ.*

# Іэпхъуэшапхъуэхэм я ІуэхукІэ федеральнэ къулыкъущІапІэр

## Дунейпсо Адыгэ Хасэм и унафэм хоплъэ

ПщІэ зыхуэсщІ Сэхъурокъуэ Хьэутий Хьэзрит и къуэ!

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Аппаратым къигъэхьа тхыгъэм (2013 гъэм шыщхьэуІум и 9-м, №П16-37587) Дунейпсо Адыгэ Хасэм 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м иригъэкІуэкІа зэІущІэм къыщащта унафэм ехьэлІа и Іыхьэм хэплъауэ Іэпхъуэшапхъуэхэм я ІуэхукІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм мы къыкІэлъыкІуэмкІэ хъыбар уегъащІэ.

Езым дунейпсо утыкум къыщищта къалэнхэмрэ Урысей законодательствэмрэ япкъ иткІэ Урысей Федерацэм Сирием и цІыхухэм, ахэр лъэпкъкІэ зыщыщым, зэрыт диным, нэгъуэщІ къыхэщхьэхукІыныгъэхэм емылъытауэ, езым и щІыналъэм хэщІапІэ щарет.

«ЩтапІэ ихьэжахэм я ІуэхукІэ» 1993 гъэм мазаем и 19-м къащта Федеральнэ закон № 4528-1-м и статья 1-м и пункт 1-м и япэ пункт къуэдзэм ипкъ иткІэ щтапІэ ихьэжар - ар Урысей Федерацэм и гражданствэ зимыІэ икІи къызыхэкІа расэм, зэрихьэ диным, гражданствэм, зыщыщ лъэпкъым, зыхиубыдэ социальнэ гупым е и политикэ Іуэху еплъыкІэхэм япкъ иткІэ, зэхэзехуэн ящІыну щхьэусыгъуэ пыухыкІахэр зэрыщыІэм къыхэкІыу езым и къэралым къикІа, а къэралыр къызыщхьэщымыж е шынагъуэ гуэрхэр зэрыпылъым къыхэкІыу а къэралым и къыщхьэщыжыныгъэр къэзымыгъэсэбэпыф цІыхущ; е гражданствэ пыухыкІа зимыІэ, ищхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуа Іуэхухэм къыхэкІыу япэм щыпсэуа щІыпІэр зыбгына, а щІыпІэм игъэзэжыну Іэмал зымыгъуэт е шынагъуэ зэрыпылъым къыхэкІыу зыгъэзэжыну хуэмей цІыхущ.

Абы ипкъ иткІэ Сирие Хьэрып Республикэм щыщхэр я нэхъыбапІэкІэ Урысей Федерацэм щтапІэ ихьэжахэм ящыщу къыщалъытэркъым, сыту жыпІэмэ, абыхэм я хэкум ягъэзэжыну щІыхуэмейр абы ІэщэкІэ зэщІэузэдауэ зэрыщызэныкъуэкъурщ, ауэ ар, зэрыхабзэщи, апхуэдэ цІыхухэм щтапІэ ихьэжам и статус етынымкІэ тегъэщІапІэкъым.

Сирие Хьэрып Республикэм щыІэ щытыкІэмрэ абы шынагъуэншэу ягъэзэжыну Іэмал зэрамыІэмрэ къалъытауэ, Сирием и цІыхухэм ди деж зы илъэс пІалъэкІэ хэщІапІэ щрат, а пІалъэм аргуэру щІагъу хъунущ а къэралым щыІэ щытыкІэр зэтемыувэжамэ.

2013 гъэм шыщхьэуІум и 16-м ирихьэлІэу щтапІэ ихьэжауэ къалъытэну икІи Урысей Федерацэм и щІыналъэм хэщІапІэ къыщратыну къэлъаІуэу мы илъэсым къриубыдэу Сирием и цІыхуу 1179-м, абыхэм сабийуэ 143-рэ яхэту, зыкъытхуагъэзащ. А лъэхъэнэм къриубыдэу лъэІу тхылъхэм зэрыхэплъам ипкъ иткІэ Сирием и цІыхуу 465-м (абыхэм сабийуэ 81-рэ яхэту) пІалъэкІэ хэщІапІэ иратащ.

Псори зэхэту Урысей Федерацэм и щІыналъэм пІалъэкІэ хэщІапІэ щагъуэтащ Сирием и цІыхуу 498-м. Абыхэм ящыщу 39-р Ипщэ Федеральнэ округым, цІыху 40-р Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэщ.

«Урысей Федерацэм и гражданствэм и ІуэхукІэ» 2002 гъэм накъыгъэм и 31-м къащта Федеральнэ Закон №62-ФЗ-м (адэкІэ - Федеральнэ законщ) щыубзыхуащ Урысей Федерацэм и гражданствэ тынымкІэ, ар къеІыхыжынымкІэ тегъэщІапІэхэр.

Федеральнэ законым и 4-нэ статьям и япэ Іыхьэм къыщыгъэлъэгъуащ Урысей Федерацэм и гражданствэмкІэ хабзэхэмрэ Урысей Федерацэм и гражданствэм ехьэлІа Іуэхухэр зэрызэблагъэкІ щІыкІэмрэ зыщыщ социальнэ гупым, расэм, лъэпкъым, зэрыпсалъэ бзэм е зэрихьэ диным тещІыхьауэ цІыхум и хуитыныгъэхэр зыгъэмащІэ Іуэхугъуэхэр хэтынкІэ Іэмал зэримыІэр.

Федеральнэ законым и 11-нэ статьям къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, Урысей Федерацэм и гражданствэ цІыхум егъуэт:

- къызэрыщалъхуам къыхэкІыу;
- псоми яхуэгъэза хабзэхэм тету Урысей Федерацэм и гражданствэ зэрыратам къыхэкІыу;
- нэхъ къызэрыгуэкІ хабзэм тету Урысей Федерацэм и гражданствэ зэрыратам къыхэкІыу;
- зэгуэр Урысей Федерацэм и гражданствэ зэриІар зэрызэфІагъэувэжам къыхэкІыу;
- апхуэдэу а Федеральнэ законым, Урысей Федерацэм нэгъуэщІ къэралхэм ярищІылІа зэгурыІуэныгъэхэм къыщыгъэлъэгъуа нэгъуэщІ тегъэщІапІэхэм япкъ иткІэ.

Псоми яхуэгъэза хабзэхэмрэ нэхъ къызэрыгуэкІ хабзэхэмрэ зэщхьэщокІ тегъэщІапІэ ящІхэмкІэ, хэкІыпІэхэмкІэ, лъэІухэм зэрыхэплъэ пІалъэхэмкІэ (псоми яхуэгъэза хабзэхэм япкъ иткІэ - тэмэму зыхуей хуэзэу тхауэ зыхуеину документ псори къыщата махуэм щегъэжьауэ - 1 илъэсым, нэхъ къызэрыгуэкІ хабзэм ипкъ иткІэ - мази 6-м щІимыгъум), унафэ къащтэну хуитыныгъэ зиІэхэмкІэ (псоми яхуэгъэза хабзэхэм тету унафэр Урысей Федерацэм и Президентым, нэхъ къызэрыгуэкІ хабзэхэм тету - Урысейм Іэпхъуэшапхъуэхэм я ІуэхухэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и щІыналъэ органу Урысей Федерацэм и субъектхэм щыІэхэм я унафэщІхэм).

Нэхъ къызэрыгуэкІ хабзэхэм тету Урысейм и гражданствэ ират Федеральнэ законым и 14-нэ статьям язынкъуэ цІыху гупхэм папщІэ къихь тегъэщІапІэхэр щыщыІэм деж (къапщтэмэ: цІыхум и адэ-анэм языхэзым урысей гражданствэ иІэмэ икІи Урысей Федерацэм и щІыналъэм щыпсэумэ; РСФСР-м и щІыналъэм къыщалъхуамэ икІи СССР-у щытам и гражданствэ иІамэ; Урысей Федерацэм и щІыналъэм щыпсэумэ икІи Урысей Федерацэм и цІыхум илъэсищ нэхърэ мынэхъ мащІэ лъандэрэ нэчыхь хуиІэмэ).

Абы и лъэныкъуэкІэ къапщтэмэ, Сирием и цІыхуу а щІыналъэм щыпсэу адыгэхэми Урысей Федерацэм и гражданствэ иратын папщІэ лейуэ зыри паубыдыркъым.

Урысей Федерацэм хьэщІапІэ къэкІуэн папщІэ тхылъхэр Сирием и цІыхухэм ират ахэр къызыхэкІа лъэпкъым темыщІыхьауэ икІи «Урысей Федерацэм зэрырагъэкІыж, Урысей Федерацэм къызэрырагъэхьэ хабзэм и ІуэхукІэ» 1996 гъэм шыщхьэуІум и 15-м къащта Федеральнэ законым, «НэгъуэщІ къэралхэм я цІыхухэм Урысей Федерацэм щаІэ правовой щытыкІэм и ІуэхукІэ» 2002 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къащта Федеральнэ закон №115-ФЗ-м, нэгъуэщІ къэралхэм я цІыхухэмрэ гражданствэ зимыІэ цІыхухэмрэ Урысей Федерацэм хьэщІапІэ къэкІуэну къызэрырагъэблагъэ тхылъхэр гъэхьэзырынымрэ тынымкІэ къэрал Іуэхутхьэбзэхэр Іэпхъуэшапхъуэхэм я ІуэхукІэ федеральнэ ІуэхущІапІэм зэригъэзащІэр зыубзыху Административнэ регламентым, Урысейм Іэпхъуэшапхъуэхэм я ІуэхухэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм 2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м къыдигъэкІа унафэ №390-м тету.

Урысей Федерацэм къэкІуэну къызэрырагъэблагъэ тхылъыр лэжьэгъуэ махуэу 20-м къриубыдэу хьэзыр ящІ.

2013 гъэм и япэ мазихым къриубыдэу Урысей Федерацэм хьэщІапІэ къэкІуэн папщІэ къызэрырагъэблагъэ тхылъу 4562-рэ Сирием и цІыхухэм иратащ.

Урысей Федерацэм и субъекту ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэр щыпсэухэр мы зэманым хэлэжьыхьыркъым нэгъуэщІ къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъуу езыхэм яфІэфІу къэзыгъэзэжыну хуейхэм Урысей Федерацэм къагъэІэпхъуэжынымкІэ къэрал программэр (адэкІи - Къэрал программэщ) гъэзэщІэным.

Адыгэ Республикэм, Дагъыстэн Республикэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьапІэ зэрыщызэпэубыдам икІи ахэр экономикэ гугъуехьхэм зэрыхэтыр къилъытэри, Урысейм а и щІыналъэхэм я унафэщІхэм къызэрыхалъхьам тету, Урысей Федерацэм и Правительствэм 2011 гъэм гъатхэпэм и 1-м унафэ къищтащ цІыхухэр къэгъэІэпхъуэжынымкІэ щІыналъэ программэхэр щызэхалъхьэну пІалъэр яхуэгъэІэпхъуэным теухуауэ.

Абы къыхэкІыу Къэрал программэр гъэзэщІэным ижьижьыж лъандэрэ адыгэхэр щыпсэу щІыналъэхэри къыхэшэнымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм ведомствэ зэмылІэужьыгъуэхэр егугъуу елэжьыпхъэщ.

ЦІыхухэр къагъэІэпхъуэжынымкІэ щІыналъэ программэхэр зэхэлъхьэныр методикэ и лъэныкъуэкІэ Урысейм ЩІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм къызэрызэригъэпэщар къэплъытэмэ, апхуэдэ лэжьыгъэр и министерствэ дыдэм и нэІэм щІэту ебгъэкІуэкІ хъуну къыщІэкІынщ.

**ФОМЕНКЭ А.А.,**
*Іэпхъуэшапхъуэхэм я ІуэхухэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІым и къуэдзэ.*

● Футбол





«Нефтехимик»-р йобгъэрыкІуэ, «Спартак-Налшыкым» зехъумэ.

# МамырщІэкъу «Спартак-Налшык»

**«Нефтехимик» (Нижнекамск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:0. Нижнекамск. «Нефтехимик» стадион. Жэпуэгъуэм и 23-м. ЦІыху 400 еплъащ.**

**Судьяхэр:** Белов (Новгород Ищхъэрэ), Сулимов, Миневич (тІури Смоленск щыщщ).

**«Нефтехимик»:** Лосев, Гультяев, Дранников, Пискунов, Рябошапкэ, Дзахъэ, Самигуллин (Сакки, 86), Мирзаев (Нуров, 59), Чалэ (Оразсахедов, 64), Умарбаев, Уридие (Джалилов, 64).

**«Спартак-Налшык»:** Степанов, Рогочий, Засеев, Абазэ, Гарбуз, Чеботару, Руа (Аверьянов, 46), Коронов, Щэуей, Медведев, Сирадзе (Гуэщокъуэ, 78).

**Дагъуэ къыхуащІащ** Уридие, Гарбуз, Оразсахедовым.

2012 - 2013 гъэхэм япэ дивизионым щекІуэкІа зэхьэзэхуэм и джэгугъуитІми «Нефтехимик»-м «Спартак-Налшыкыр» къыщыхигъэщІащ. Япэ щІыкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм 3:1-уэ къыщытекІуащ, иужькІэ Нижнекамск щыІэу 3:0-у къефІэкІащ. Ар, дауи, лъэныкъуитІми ящыгъупщэжатэкъым. Ауэ абы лъандэрэ куэдым зихъуэжащ. Илъэс ипэкІэ «Спартак-Налшыкымрэ» «Нефтехимик»-мрэ пашэхэм яхэтамэ, иджы ахэр къакІэрыхухэм ящыщщ икІи щытыкІэ гугъум къикІын папщІэ я къару псори кърахьэлІэ. КъищынэмыщІауэ, нижнекамскдэсхэм яхэтыжкъым нэгъабэрей джэгугъуитІым топитху (!) къыщытхудэзыгъэкІа Порнягин Игорь - ар зейуэ щыта Тэтэрстаным и командэ нэхъыщхьэ Къэзан и «Рубин»-м зыхигъэхьэжащ.

Мы гъэм ирагъэкІуэкІа япэ зэІущІэм «Спартак-Налшыкыр» 2:1-уэ зэрыщытекІуам насыпым зигъэзауэ гугъэ уигъэщІырт. Ар хьэкъ пщыхъун папщІэ етІуанэми кърикІуэм пэплъэн хуейт.

Иужьрей джэгугъуэхэм зи Іуэхухэр мащІэу езыгъэфІэкІуэжа налшыкдэсхэм къапэщІэуват дэтхэнэ зы зэІущІэми зи къару псори хэзылъхьэ, ауэ и щытыкІэм щІагъуэу зызымыхъуэж «Нефтехимик»-р. ЗыдэщІ командэм кІэух увыпІэхэм ящыщ зыр ибгынэнымкІэ гугъэр хэзыхыжа Нижнекамск топджэгум щыдихьэххэри мащІэ дыдэут стадионым къызэрырекІуэлІар. Ахэр цІыху 400-м нэблагъэу арат. Бэрэжьей кІуам зэпэщІэува командэхэри зэрызэдэджэгуар абыхэм яхуэфэщэнущ.

Япэ дакъикъэхэм щыщІэдзауэ лъэныкъуитІри нэхъ зыхущІэкъуар я гъуэр зэрахъумэжынырщ. Налшыкдэсхэр абы арэзы къищІ пэтми, Іэмал имыІэу текІуэн хуей хэгъэрейхэр зыщыгугъыр гурыІуэгъуейт. Сыхьэт ныкъуэ джэгуауэщ «Нефтехимик»-м япэу ебгъэрыкІуэныгъэ тэмэм къыщызэригъэпэщар. Абы и гъуащхьауэ Чалэ и закъуэу кІуэцІрыжа пэтми, ди гъуащхьэтетым фІэкІыфакъым.

«Спартак-Налшыкыр» нэхъ хуэмыхужт. 55-нэ дакъикъэращ гум къинэжа япэ ебгъэрыкІуэныгъэр абы щригъэкІуэкІыфар. Ари Сирадзе псыхэкІуадэ ищІащ, топыр гъуэм щхьэпригъэкІри.

Джэгур иухыным зэман нэхъ мащІэ къэнэжыхукІэ хэгъэрейхэм я ебгъэрыкІуэныгъэхэр нэхъ къызэщІэплъэрт. А дакъикъэхэм фІы дыдэу зыкъагъэлъэгъуащ ди гъуащхьэтетымрэ гъуащхьэхъумэхэмрэ. Абыхэм зы щыуагъи яІэщІэкІакъым икІи зэІущІэр зыхуей бжыгъэм хуагъэкІуащ. Псом хуэмыдэу хьэлъащ 87-88-нэ дакъикъэхэр. А зэманым къриубыдэу «Нефтехимик»-р тІэунейрэ ди гъуэм пэмыжыжьэу штрафной къеуащ. АрщхьэкІэ, ди насыпти, зыри къикІакъым.

Арати, лъэныкъуэхэм бжыгъэр къызэІуамыхауэ зэІущІэр иухащ. Нэгъабэрей зэпэщІэтыныгъэм тепщІыхьмэ, «Спартак-Налшыкым» хэпщІыкІыу хигъэхъуащ икІи джэгугъуитІым «Нефтехимик»-м очкоиплІ къыІэщІихащ. Хьэлэмэтращи, ди щІалэхэр мыгъэрей зэхьэзэхуэм иджы ебгъуанэу щызэрытегъэкІуакъым. Абыхэм нэхъ мамырщІэкъу мы гупым хэткъым.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и етІуанэ къекІуэкІыгъуэм и пэщІэдзэ зэІущІэхэр къэралым и адрей щІыпІэхэми щыІащ. Абыхэм къахэгъэщхьэхукІыпхъэщ Нэзран щызэхэтар. Осетин-ингуш къайгъэр къызэрыхьейрэ блэкІа илъэс тІощІым къриубыдэу зэпэщІэувахэм я командэхэр зэрызэхуамыгъэзэным, зэхуэзэми нэгъуэщІ щІыпІэхэм зэрыщызэдагъэджэгуным къэралым и футбол унафэщІхэр хущІэкъуащ. АрщхьэкІэ апхуэдиз зэман щыдэкІакІэ лъэныкъуэхэр нэхъ упщІыІужауэ къащыхъури, «Ангушт»-м «Алания»-р Нэзран къыщрагъэгъэблэгъащ. ИкІи шэч хэлъкъым абы тегушхуахэр зэрыщІегъуэжам. Джэгум и япэ Іыхьэр иухыу загъэпсэхуну командэхэр зэрикІыу, стадионым кърихьэлІа ингушхэм зэІущІэм еплъыну къэкІуа осетинхэм мывэхэр ираутІыпщу хуежьащ. Хабзэхъумэхэр япэмылъэщу иужькІэ лъэныкъуэхэр зэхэлъэдэжри, зэзэуащ икІи зыкъомым фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр ягъуэтащ. Абы и зэранкІэ джэгум адэкІэ къыпамыщэну къыхалъхьат, ауэ Іуэхур нэхъ кууж ямыщІын щхьэкІэ, осетинхэр (цІыху тІощІырыпщІ хъууэ арат) стадионым кърагъэкІри, зэІущІэм пащащ. Арати, турнир таблицэм и иужь дыдэ увыпІэм щыт «Ангушт»-м топ закъуэ дигъэкІри, бжьыпэр зыІыгъ «Алания»-р хигъэщІэну хузэфІэкІащ. ТекІуэныгъэ псоми я лейуэ ингушхэм ар къазэрыщыхъунум шэч хэлъкъым. Абы щыгъуэми стадионым къыщыхъуахэм къыхэкІыу хэгъэрейхэм тезырышхуэ къазэрыпэплъэри хьэкъщ. А Іуэхум нобэ Мэзкуу щыхэплъэнущ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ япэ дивизионым хэт командэхэм зэхьэзэхуэм и етІуанэ къекІуэкІыгъуэр зэрыщІадза джэгугъуэм къарикІуа бжыгъэхэм: **«Динамо»** (Санкт-Петербург) - **«Мордовия»** (Саранск) - **0:3**, **«Сибирь»** (Новосибирск) - **«Арсенал»** (Тулэ) - **0:3**, **«Енисей»** (Красноярск) - **«Торпедо»** (Мэзкуу) - **1:0**, **«СКА-Энергия»** (Хабаровск) - **«Ротор»** (Волгоград) - **0:0**, **«Газовик»** (Оренбург) - **«Салют»** (Белгород) - **3:0**, **«Шинник»** (Ярославль) - **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **1:0**, **«Ангушт»** (Нэзран) - **«Алания»** (Владикавказ) - **1:0**, **«Химик»** (Дзержинск)- **«Балтика»** (Калининград) - **1:1**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкІуэкІынущ. Пщэдей, жэпуэгъуэм и 27-м, абы Санкт-Петербург и «Динамо»-р кърегъэблэгъэнущ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

### ЗэІущІэ нэужьым

**ШЫПШ Тимур,** *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

## Нобэ текІуэныгъэр къэдлэжьакъым

- «Нефтехимик»-м дызэрыдэджэгунум ерыщу зыхуэдгъэхьэзыращ. ТщІэрт ар псынщІэу топыр зэІэпызых, ебгъэрыкІуэныгъэм хущІэкъу гупу зэрыщытыр - апхуэдэуи нобэ зыкъигъэлъэгъуащ.

Джэгум и етІуанэ Іыхьэм ди хьэрхуэрэгъур нэхъ жыджэращ икІи топ къытхудигъэкІыфыну щытащ. Ди насып къикІауэ пхужыІэнущ. Дауи, дытекІуэну дыхэтащ, ауэ ар нобэ къэдлэжьакъым. Абы къыхэкІыу зы очкоми арэзы дыкъещІ.

**ХУЗИН Рустем,** *«Нефтехимик»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

## Тепщэныгъэм сыт и мыхьэнэр, топ пхудэмыгъэкІмэ?

- Джэгум и кІыхьагъкІэ тепщэныгъэр зэрытІыгъам сыт и мыхьэнэр топыр щытхудэмыгъэкІакІэ? Іэзагъэр къыдэмэщІэкІащ. Ди щІалэщІэхэр нэхъ балигъ хъумэ, Іуэхури ефІэкІуэну къыщІэкІынщ. ЩІэх-щІэхыурэ сызоупщІыж: «Сыт дыщІытемыкІуэфыр?». ЗэкІэ жэуапыр згъуэтыркъым. ЩІалэхэми я лъэкІ къагъанэркъым, зыщысхьыжуи схужыІэнукъым. АрщхьэкІэ...

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФІ. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. «Мордовия» | 19 | 12 | 4 | 3 | 30-13 | 40 |
| 2. «Алания» | 19 | 11 | 4 | 4 | 25-12 | 37 |
| 3. «Арсенал» | 19 | 10 | 4 | 5 | 32-19 | 34 |
| 4. «Шинник» | 19 | 10 | 4 | 5 | 26-19 | 34 |
| 5. «Уфа» | 18 | 9 | 3 | 6 | 21-19 | 30 |
| 6. «СКА-Энергия» | 19 | 8 | 6 | 5 | 19-18 | 30 |
| 7. «Газовик» | 19 | 7 | 7 | 5 | 22-18 | 28 |
| 8. «Луч-Энергия» | 19 | 7 | 6 | 6 | 18-10 | 27 |
| 9. «Енисей» | 19 | 7 | 6 | 6 | 19-22 | 27 |
| 10. «Торпедо» | 19 | 7 | 5 | 7 | 17-14 | 26 |
| 11. «Балтика» | 19 | 6 | 6 | 7 | 18-19 | 24 |
| 12. «Сибирь» | 19 | 6 | 6 | 7 | 20-25 | 24 |
| 13. «Химик» | 19 | 6 | 6 | 7 | 16-26 | 24 |
| 14. «Салют» | 19 | 5 | 7 | 7 | 17-16 | 22 |
| 15. «Спартак-Налшык» | 19 | 4 | 9 | 6 | 14-22 | 21 |
| 16. «Ротор» | 19 | 4 | 7 | 8 | 16-20 | 19 |
| 17. «Динамо» | 19 | 3 | 6 | 10 | 12-27 | 15 |
| 18. «Нефтехимик» | 19 | 2 | 8 | 9 | 16-20 | 13 |
| 19. «Ангушт» | 19 | 3 | 2 | 14 | 16-35 | 11 |

# Амурбэч и гъэсэнхэм я ехъулІэныгъэ

● Каратэ-киокусинкай



**Каратэ-киокусинкаймкІэ КИФЩІ-м пашэныгъэр къыщыхьынымкІэ зэпеуэ иджыблагъэ Ставрополь крайм хыхьэ Светлоград къалэм щекІуэкІащ. Абы кърихьэлІащ Урысейм и щІыналъэ 15-м я спортсмен 200-м щІигъу. Зэхьэзэхуэм хэтащ Шэрджэс Заурбэч зи унафэщІ сабийныбжьыщІэ специализированнэ спорт школым и гъэсэнхэр.**

ДИ СПОРТСМЕНХЭМ ящыщу зэхьэзэхуэм текІуэныгъэ къыщахьащ Мусукаев Жамболэт (кг 50-м щІигъу), Балъкъыз Ратмир (кг 35-м нэс), Іумэт Ислъам (кг 45-м нэс) сымэ. Голишев Никитэ (кг 35-м нэс), Шорэн Къаплъэн (кг 45-м нэс), Маршэнкъул Къантемыр (кг 70-м нэс) сымэ ещанэ увыпІэхэр яубыдащ. А псори зэхьэзэхуэм хуигъэхьэзыращ Урысейм спортымкІэ и мастер, Налшык щыІэ «Дайдзи» спорт клубым каратэ-киокусинкаймкІэ и тренер Къэрмокъуэ Амурбэч.

ЗэІущІищыр зэман кІэщым къриубыдэу нокауткІэ зыуха Іумэт Ислъам техникэ нэхъыфІ къызэригъэлъэгъуам къыхэкІыу саугъэт щхьэхуэ къыхуагъэфэщащ. Секунд 12-м и хьэрхуэрэгъур хэзыгъэщІа Іумэт Беслъэни гулъытэ къыхуащІащ.

**ТЕРКЪУЛ Мартин.**

# Вернувшиеся в Адыгэ

## В Россию стали массово приезжать потомки изгнанных с Кавказа черкесов

**Александр ГРИШИН,**
***обозреватель «КП»***

- Понаехали тут, - оказывается, так местные жители говорят не только в Москве, но и в других местах нашей сократившейся, но все еще совершенно необъятной. Например, в Нальчике, столице Кабардино-Балкарии. Правда, только по отношению к уроженцам Средней Азии, Вьетнама. Которых местная полиция ловит с завидной регулярностью и отчитывается об этом в местной прессе.

### ОБЕЩАВШИ: «Я ВЕРНУСЬ, МАМА»

А вот другая категория приезжих к «понаехавшим» не относится никаким боком. Речь о репатриантах. Черкесах, чьи предки покинули свою Родину в ходе последней Русско-Кавказской войны, закончившейся в 1864 году. Судьба раскидала их: кого в Египет, кого - в Турцию, Иорданию, Сирию, кого - на Балканы.

Тема черкесов-изгоев всегда активно звучала из уст противников и СССР, и России, но в последние годы, как только стало известно о проведении Зимней Олимпиады-2014 в Сочи, ее стали педалировать с удвоенной силой. Дескать, как можно, святотатство, на землях изгнанных черкесов. Лучше бы позвали их назад и т.д. При этом както стыдливо умалчивая, что те же турки сбрасывали покидавших Россию черкесов с пароходов в открытое море. Или что Израиль стер их поселения на Голанских высотах в пыль и песок не полторы сотни лет тому назад, а всего каких-то несколько десятилетий, на нашей уже памяти.

Особенно усердствовал в этом вопросе президент Грузии Михаил Саакашвили. В 2011 году он даже выступил инициатором «акта признания геноцида черкесов Россией», словно бы забыв, что среди причин Русско-Кавказской войны были и настоятельные просьбы Грузии оградить грузин от воинственных соседей. На столь далекий период историческая память Саакашвили не распространяется. Зато его сторонники начали спекулировать на теме репатриации. Раз-де российские черкесы не зовут своих соплеменников на Родину, то гостеприимная Грузия готова принять их всех. И почему-то совсем не удивительно, что за многими такими призывами и кампаниями типа «Нет Сочи-2014» стоят активисты черкесских движений из США и Турции. Правда, к гостеприимному грузину Саакашвили черкесы не поехали.

Поразительно, но «трогательную заботу» о судьбах черкесов-мусульман проявляют иудей, раввин Авраам Шмулевич из Израиля, являющийся президентом «Института Восточного Партнерства», европейские католики и американские протестанты из Jamestown Foundation (Джеймстаунского фонда). В руководство которого входят такие замечательные личности и «друзья России», как бывший советник президента США по национальной безопасности Збигнев Бжезинский и бывший директор ЦРУ Джеймс Вулси. Которые просто спать спокойно не могут, так их заботит судьба изгнанников.

А между тем - в Россию черкесов позвали. И не только позвали, а они, потомки уехавших, действительно начали возвращаться. Причем, процесс начался не сейчас, а еще во времена СССР.



**- Дом, вода, семья, машина, гараж вот построю, сад посажу, что ещё человеку надо? - Тамби Исхак настроен оптимистично. И что с того, что в этом домике живёт сразу 11 человек?**

- Первый репатриант вернулся в Кабардино-Балкарию еще в 1965-м году, - вспоминает член исполкома Международной Черкесской Ассоциации (МЧА), глава общественной организации «Адыгэ Хасэ» Мухамед Хафицэ. - Его звали Абдул Яфауна. Он приехал учиться из Иордании, а затем остался, работал в НИИ и даже издал книгу своих стихов.

По данным Хафицэ, за все годы, начиная с того самого 1965-го, в КБР вернулись 1500 черкесов. 647 из них - в последние 2 года. Из Сирии.

### ПОЛТОРА ГОДА - ПЛОХАЯ ПОГОДА

Семья Индара Маджида - среди этих 647-х. Уже почти полтора года они живут в небольшом двухкомнатном номере санатория «Горный родник». Индар вместе с женой и тремя детьми - две девочки и мальчик - прилетели из Дамаска, когда там стало совсем страшно за детей. Старшая дочь ходит в 5-й класс восьмой школы Нальчика, пацан стал первоклассником этой осенью, а младшая заводит местных подружек в детском саду. Дети уже вполне бойко изъясняются на русском, а вот сам Индар по-русски знает слов шесть, да и то самых простых. И он, и жена немного говорят по-кабардински, но самый привычный для них язык общения - арабский. Объясняемся через переводчика.

**- <u>Индар, многие из сирийских черкесов поехали в Иорданию, а вы почему решили в Россию?</u>**

- В Иордании неплохо, там король сам родом из черкесов, но наши предки жили тут, на этой земле. И мои прадед, дед, другие старшие всегда хотели вернуться на Родину. Да и та же Иордания, и другие страны на самом деле очень близко к Сирии. Никто не даст гарантии, что завтра туда не перекинется то, что творится в Сирии. А Россия - большая и сильная страна, к ней никто с войной не полезет. Значит, за детей и их будущее здесь спокойнее, - рассуждает глава семьи.

Хотя видно, что Индару здесь живется совсем не сладко. Да, есть крыша над головой, но она не своя. Да, здесь кормят его и собратьев по несчастью ( всего в «Горном роднике» 5 семей) бесплатно, а детям дают еще и молоко, и соки, и разные фрукты. Но это все, опять же, не свое, не заработано. Нет никакого выбора - бери, что дают. А ему, здоровому крепкому мужику очень неловко (видно, до какой степени, что пальцы, сцепленные до белизны, все равно дрожат) брать, а не зарабатывать, водить семью на завтрак, обед, ужин, а не приносить купленные продукты, чтобы жена сделала вкусняшку и на семью, и на гостей. А когда его супруга выносит нам простой чай, его пальцы сплетаются настолько жестко, что аж синеют. (Извини, Индар, я много слышал, но забыл, что гостеприимство для вас - как инстинкт самосохранения, что заявился к вам как фраерстоличный шелкопер. Мне до сих пор стыдно, что я ничего не взял с собой. В дальнейших поездках таких ошибок я уже не допускал и везде приезжал с угощалочкой.)



**В таком возрасте на каждое новое слово уходит немало времени, а вот дети уже вовсю общаются в школах с одноклассниками на русском языке.**

Но и поделать он ничего не в силах. В КБР и без него хватает безработных, а у самого Индара, кроме навыков охранника в супермаркете, за спиной больше ничего нет. Плюс, а вернее, минус - полное незнание языка.

- Есть языковые курсы для взрослых. Бесплатно преподают и кабардинский, и русский, но туда надо ехать на 2-х маршрутных такси, - вздыхает Индар.

И это не шутка, две маршрутки туда, две обратно - итого уже четыре маршрутки, которые надо оплачивать. 48 рублей за день занятий, 144 рубля в неделю, 576 в месяц. Для семьи, все накопления которой в прошлом, сумма неподъемная. При безработном отце семейства ее просто неоткуда взять.

Но... детям здесь нравится. Да, вспоминают оставленные в Дамаске комнаты, заполненные игрушками, ковры с густым ворсом, в котором можно и утонуть, но и тут веселятся. Тем более, что «Горный родник» - изначально детский оздоровительный лагерь, а потому инфраструктура детских развлечений здесь такая, что и не на каждом московском дворе встретишь.

### КТО ХОЧЕТ, ТОТ ДОБЬЕТСЯ

Да, меняя страну, возвращаясь на земли предков, всем им приходится оставлять налаженный быт, свою прежнюю жизнь в прошлом и начинать жить, по большому счету, с нуля. Но далеко не у всех ситуация настолько безнадежна. Кто действительно хочет закрепиться на вновь обретенной Родине, тот бьется уже с первых дней своего пребывания на ней. За себя, за детей, за их будущее, если свое не сложилось.

Нанси 42 года, и она лучшая, на мой взгляд, иллюстрация предприимчивости черкесов. Она умудрилась презентовать свой подарок супруге Башара Асада, когда за всеми следила Служба безопасности. Просто, будучи приглашенной на президентское торжество, Нанси пошла на него, укутав плечи тончайшей, самой связанной шалью. А при встрече с женой президента Сирии сняла шаль со своих плеч и набросила на плечи жены президента. Все было сделано настолько молниеносно, что охрана рыпнулась уже после того, и жена Асада сумела лишь остановить ретивых телохранителей. И дар Нанси сразу стал новой черкесской легендой.

Героиня легенды живет теперь в Нальчике, вместе с мужем и двумя детьми, снимая скромный дом за 5 тысяч рублей в месяц. Муж шофёр, старший сын Дижан и дочка Диса ходят в школу, а когда не помогают родителям по дому или не учатся, то оспаривают друг у друга котенка, который, наверное, единственный в семье не имеет никаких обязанностей.

Первым решил осесть в КБР старший брат Нанси. Учился в КБГУ, женился, да и остался. И начал звать всех остальных членов семьи. Глава семьи намеревался последовать его примеру, но не мог оставить своего болеющего брата и все время приговаривал: «Вот как только он выздоровеет»... Не сложилось. А на поминках брата на 40-й день прямо в мечети отказало сердце и у самого отца. И Нанси с мужем поняли, что ждать больше нечего.

Это вторая попытка семьи вернуться на историческую Родину. Первая, 6 лет назад, закончилась неудачей. Они продали все, что было, приехали через Турцию, но из-за каких-то неувязок в документах пришлось вернуться в Дамаск, на потеху адыгам-соседям.

В общем, когда в Сирии заполыхало, их в Дамаске уже ничего не держало, и около полутора лет назад они снова оказались в Нальчике. Как говорит Нанси, на этот раз – насовсем. Поначалу, как и все, жили в санатории. Но пробыли там всего месяц.

- Когда сказали, что желающие могут снять себе жилье в городе, аренду которого оплатят общественные организации, не раздумывали ни минуты, - вспоминает Нанси. – Сидя в санатории, где делать нечего, в общество не впишешься, а адаптация для всех нас – наипервейшее дело.

Денег у общественников хватило на три месяца, но семья решила держаться за домик зубами, и с тех пор выплачивает аренду сама. И не просто живет, а обрастает хозяйством. Купили телевизор, причем современную модель, поставили тарелку, смотрят сирийское телевидение по спутнику и российское ТВ. И профессиональную швейную машинку «Зингер», на которой Нанси зарабатывает. С утра до обеда она трудится в кафе, а после обеда отшивает заказы на одежду. Дело-то знакомое, в Дамаске держала ателье, и без клиентов не сидела. А тут сначала 9 месяцев с подругой из местных отшивала шторы и гардины, а потом решила перейти на платья и костюмы.

- Да, пока откладывать на новую жизнь не получается, - делится Нанси. – Но если бы мы остались в санатории, то и по сей день бы не работали, а хлебали бесплатный супчик. А так мы становимся уже частью общества. К тому же, дядя, который живет в Америке, человек не бедный, обещал прислать тысячу долларов, чтобы я могла купить себе место на рынке.

**- <u>Торговать собираетесь? Чем?</u>**

- Почему торговать? Работать. Сяду с машинкой, буду там у всех на глазах шить, чтобы люди видели, как я умею работать, с каким качеством. А что сошью, то продам. Или отремонтирую прямо на месте. Когда все наглядно, люди обязательно потянутся, – уверена Нанси.



**Совершенная очаровашка Синди, её матьи отец, трёхмесячная сестра.**

Дай-то Бог, чтобы сбылось. Или Аллах. Что на самом деле все едино.

- А, может, лучше, наоборот, к дяде в Америку уехать. Там-то полегче будет.

- Ни в коем случае, хотя он и предлагал такое. Никуда уже с Родины не уедем. Наш дом здесь, а что трудно, так везде трудно первые шаги делать. Нигде сначала медом не намазано. Но легкой жизни нам никто и не обещал. А эту тысячу мы ему со временем обязательно вернем.

### ТЫ ЧЕРКЕС, И Я ЧЕРКЕС. ВСЕ МЫ ТУТ ЧЕРКЕСЫ!

В соседней Карачаево-Черкессии вернувшихся из Сирии адыгов существенно меньше, чем в Кабардино-Балкарии, и здесь нет санаториев. Поэтому беженцев-репатриантов (32 человека) расселяют по индивидуальному жилью. Кого по квартирам, кого по домам в ауле. К каждой приехавшей семье местные черкесы прикрепили ответственного из местных. Тот им помогает в решении самых разных проблем, ходит с ними в поликлинику, помогает с документами и продуктами. Живейшее участие в их делах принимает депутат городской Думы Черкесска от КПРФ, зампред городской организации «Адыгэ Хасэ», генеральный директор фирмы «Сантехмонтаж» Рауф Дауров. Троих сирийских черкесов он устроил к себе в компанию на работу.

- Сколько получают? Не обижаю. По 800 - 1000 рублей в день, но и работа непростая, а физически тяжелая, - усмехается Рауф. - Пять дней они работают в неделю, тут же и живут, я им комнату отремонтировал. А на субботу-воскресенье уезжают к семьям в аулы. Один уж больно худой, я его откармливаю, говорю, остальным одной тарелки хватит, а тебе три надо съесть.

Работа действительно хоть и не квалифицированная, но физически затратная. Парни изготавливают цементно-песчаные блоки.

- От власти никакой помощи нет, - сокрушается Рауф. - Все, что делаем, исключительно силами общественности. Но люди у нас очень отзывчивые. И продуктами помогают, и деньги даже несут. В ауле ведь особой работы нет. А землю местные власти в ауле давать не хотят.

- Может, просто нет земли?

- У нас в России земли нет? – от возмущения Рауф даже машет руками. - Я свой дом в ауле Хабез отдал семье приезжей, там все равно уже 15 лет никто не живет. Они, хоть и городские жители, там такой порядок навели во дворе. По соседству пустырь громадный, а власть в ауле землю все равно им не дает.

- Зря мы расселили людей по аулам, - сокрушается Рауф. - Конечно, там им проще в плане физического выживания, с продуктами, огороды и так далее. Как говорят, натуральное хозяйство. Но они ведь образование высшее получали не для того, чтобы за курами ходить или овец пасти. Если мы говорим об их адаптации, то они должны это делать в городах, чтобы быстрее освоить язык. В аулах им достаточно и черкесского, а в городе нужен русский.

Данил и Усейна Кардановы, живущие в ауле Хабез в доме Рауфа, с ним согласны не во всем. Он - бывший полицейский из Дамаска, мечтает открыть на новом месте пиццерию или кафе. И они очень довольны, что живут в отдельном доме, хотя по признанию Данила, за полтора года на Родине он работал всего 2 дня. Их дочки ходят в 3-й и 1-й класс местной школы, и уже так навострились в русском языке,что одноклассники не верят в их относительно недавний приезд из Сирии. Иностранное происхождение не вяжется и с именами девочек - Тая и Зоя. Даже дома дети уже больше говорят по-русски, чем по-арабски.

- Нет, мы не вернёмся назад, - и эти супруги отвечают все в том же ключе. - Если в Сирии все успокоится, то продадим там недвижимость, если она уцелеет. Но на это надежды мало. Да и больших денег все равно не выручим. Ведь в Сирии все стоит раза в 3 дешевле, чем в России. И денег даже за большой дом там может не хватить даже на однокомнатную квартиру здесь.

Их благодарность Рауфу словами не выразить, но они надеются выстроить в Хабезе со временем свой новый дом. В который со временем смогут переехать и два сына Данила от первого брака, которые сейчас находятся в соседней Кабардино-Балкарии. Один живет в санатории «Дружба», второй живет в общежитии КБГУ, в который недавно поступил по специальной квоте для сирийских черкесов.

### ЗДЕСЬ ТЕБЯ НЕ ВСТРЕТИТ РАЙ

- Общественные организации намерены в ближайшее время купить еще свыше 60 домов для переселенцев, - делится Хафицэ. - Но денег пока не хватает. Есть определенные надежды на то, что кого-то поселят в своих пустующих домах и местные жители. Я, кстати, тоже предложил беженцам поселиться в своем родительском доме, в селе Заюково. У нашей власти просто нет средств, чтобы помочь им, а общественность выше головы прыгнуть не может. Сколько еще смогут содержать переселенцев превратившиеся в гостиницы санатории, знают только их директора. Но уже сейчас они делают это в долг, а резервы, накопленные за санаторный сезон, подходят к концу.

Действительно, КБР и КЧР - республики с дефицитом бюджета, в значительной степени зависящие от средств, направленных федеральным центром. И если сейчас местные власти и общественность хоть как-то справляются с проблемой репатриации, то в случае массового возвращения черкесов на Родину, они просто захлебнутся. Ведь в той же Сирии остаются примерно 100 тысяч черкесов, большая часть которых готовы вернуться на землю предков. И в случае чего общественные организации не смогут организовать для всех них даже языковые курсы, не говоря о более серьезных вопросах. Кроме Нальчика и Черкесска переселенцы из Сирии едут и в Адыгею, где ситуация с ними гораздо благополучнее, и в независимую Абхазию, где им сразу выдают документы о гражданстве.

При этом, к исламским радикалам черкесы-переселенцы относятся резко отрицательно. Что и неудивительно - спасая свои семьи от войны, они меньше всего хотят, чтобы война постучалась и в двери их нового дома.

- Но не менее важный вопрос для их жизни - устранение бюрократических препон, - говорит один из местных волонтёров Аскер. - Сейчас им все время требуется подтверждать свое право пребывать на территории России. Сначала им надо периодически продлевать многократную визу, потом только они могут обращаться за разрешением на временное проживание в течение трех лет, и только потом они смогут подать заявление о предоставлении российского гражданства. Каждая из этих процедур требует расходов на поездку в Москву, а денег у большинства из них и так нет.

И, кстати, никаких волнений по поводу Олимпиады в Сочи у них нет, как и у большей части местного населения. Когда люди решают реальные проблемы, им не до надуманных. А к России испытывают исключительно теплые чувства, отдавая себе отчёт в том, что нельзя с критериями XXI века подходить к событиям века XIX. И местные черкесы здесь солидарны с сирийскими собратьями. Нет, конечно, об изгнании они нет-нет, да и вспомнят. Но признают, что и сами были не белыми и пушистыми, и что набегами по обе стороны кавказских гор наживали себе совсем не друзей. А вот к СССР относятся исключительно тепло. И не скрывают любви к Союзу, поскольку при нем не только все жили в мире, но именно Советская власть сохранила и сами черкесские народы, и их культуру.

Переселенцы, репатрианты, беженцы, как их ни называй, суть от этого не изменится. Они очень надеются, что нынешняя Россия станет для них примерно тем же, чем был СССР для кабардинцев, абазинов, адыгов, абхазов и прочих черкесских народов. И не только черкесских. И чтобы это произошло, готовы отвечать своей новой стране взаимностью. Прекрасно понимая, что готовый рай в Адыгэ (общее название черкесов и их земель в данном случае - **прим. авт.**) никого не встретит, его надо создавать своими руками. Собственно, для этого они и вернулись.



**Эти двое парней из Сирии - счастливчики. Они зарабатывают в день по 800 - 1000 рублей. Но их деньги лёгкими не назовёшь.**

### УЧЕНЬЕ - СВЕТ. ДАЖЕ В ТЕМНОТЕ

Кабардино-Балкарский государственный университет (КБГУ), который во время моей командировки отмечал юбилей, имеет прочные и давние связи с зарубежными диаспорами черкесов. И делает в эти дни для них все, что может. Благодаря беспрецедентному решению Минобрнауки, как подчеркнул зав. департаментом внешних связей КБГУ Анатолий Кодзоков, в университет в этом году приняли 104 человека из Сирии, причем, на дополнительные бюджетные места (а значит, со стипендией), и всех их обеспечили общежитием.

С молодежью понятно, а вот пожилых надо переучивать на рабочие специальности, по которым шанс устроиться на работу повыше. Но и тем, и другим надо учить язык, без которого они напоминают беспомощных котят в ведре. И здесь у молодежи и детей ситуация существенно лучше.

Совершенная очаровашка и кокетка 3-летняя Синди, например, вместе с папой, мамой и трехмесячной сестрой, родившейся уже в России, проживающая в селе Анзорей, уже с удовольствием говорит свое самое любимое русское слово «мороженое», когда сама ходит за ним в местный магазин. Еще немного, и она начнет учить языку своего папу, который перебивается случайными шабашками по селу, но не унывает. Вообще, те, кто получил свое жильё, как ее отец Тамби Исхак, пусть это всего лишь одна комната в сельском доме на четверых, а в соседней комнате проживает семья брата (итого, 7 человек в 2-х небольших комнатах) выглядят совсем иначе, нежели помещённые в санатории. У первых есть какой-то огонь в глазах, улыбаются они в открытую, а не вымученно, они уже начали строить свою новую жизнь. И все как один уверены, что дальше будет хорошо. Или лучше. Они уже не просят решить их проблемы, а занимаются этим сами, пусть и с помощью волонтёров из числа местных жителей.

Тамби, если и жалеет об оставшемся в Сирии двухэтажном доме с 8-ю комнатами, этого никак не показывает. Собирается разбить фруктовый сад, заняться огородом, построить гараж. Тем более, что жилье у него не съемное, а уже свое. Стоимость которого он вместе с братом собирается выплатить в течение 7 лет. Таких, как Тамби, около 20-ти семей, которым на деньги общественных организаций были куплены небольшие дома в сельской местности. У Тамби он, к тому же, не просто новый, а теплый и с удобствами. Вот бы еще мастерскую, чтобы можно было делать мебель, чем он занимался в Сирии, и все совсем образуется.

А вот тем, кто поселён в санаториях, действительно срочно нужна помощь. И дело уже не только в адаптации. Санатории не получают денег за проживание вернувшихся черкесов и даже кормят их за свой счет. Там, где кормят. А вот на турбазе «Джайлык», например, в котором живет 61 человек люди уже давно питаются сами. Преимущественно тем, чем с ними делятся местные, живущие по соседству. Кто принесет картошку, кто кукурузу, кто мясо продаст подешевле или вообще поделится. «Джайлык» выведен из эксплуатации, здесь периодически отключают свет и воду, о горячей воде уже забыли, а отходы по канализации сливаются прямо в подвал – гнилые трубы прорвало.

У, наверное, единственного в мире стилиста-системотехника Али 3 месяца назад родился ребенок, и его больше всего заботит, чтобы он теперь не за-болел. Али закончил КБГУ, по специальности системотехник, но работы нет, и он обучился на курсах стилистов и переоборудовал один из номеров санатория в парикмахерскую.

И все же и у них случаются прорывы. Выпускница медицинского факультета КБГУ Роза Исхак долго пыталась найти работу по специальности, предложения пойти официанткой в кафе ее не прельщали, и все же сумела устроиться в ординатуру. Еще один специалист по микроэлектронике сначала устроился оператором-монтажером на местный телеканал, а потом сумел перебраться в Москву, где начал работать по специальности. Прошло каких-то два или три месяца, и его пригласили работать за границу, и он готов принять предложение, благо является гражданином России. Ну а больше всего повезло примерно 30 сирийским черкесам-репатриантам, которых нашли и забрали к себе родственники из Кабардино-Балкарии.

***«Комсомольская правда», 25 октября 2013 года***

# Шэрджэсхэмрэ Сочэ къалэм и мыхьэнэмрэ

Тыркум, Сирием, Иорданием, США-м, Европэм, Израилым, КъБР-м, Адыгейм щыщ хьэщIэхэр махуэ бжыгъэкIэ щыхьэщIащ Краснодар крайм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ. Сочэ ахэр щыхуэзащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Козак Дмитрий.



Армавир къалэм и администрацэм и унэм деж хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ сурэт щызэтрагъэхащ.



Козак Дмитрий къэрал куэдым къикIа адыгэхэм зэIухауэ йопсальэ.
*Сочэ, 2013 гъэ, жэпуэгъуэм и 16*



«Фыкъеблагъэ!» - жаIэ армавирдэсхэм.



Бэчмырзей (Краснодар край, Успен район) дэт мэжджытым и бжэIупэм деж.



ТIуапсэ.



Шапсыгъ хэкум.

## Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Козак Дмитрий:

- Урысейм сыт щыгъуи гулъытэшхуэ хуещI нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу шэрджэсхэм Кавказым щаIэ я адэжь щIыналъэм къыхуаIэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным. Фэ мыбы фыкъызэрыкIуари мы зэIущIэри щыхьэт тохъуэ ди къэралым апхуэдэ политикэ зэрырigъэкIуэкIым. Дэ догъуэгурыкIуэ шэрджэсхэр ди ныбжьэгъухэу, езыхэр щыпсэу къэралхэмрэ Урысеймрэ лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ я зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным хущIэкъу цIыхухэу. Дэ дыхьэзырщ экономикэ, егъэджэныгъэ, жылагъуэ, щэнхабзэ проект зэмылIэужьыгъуэхэр дяпэкIи дэтIыгъыну.

Краснодар крайм, ар езыр щытщ ди къэрал псом и фIыпIэуи, и щэнхабзэм къыгуэхыпIэ имыIэу щыщ Iыхьэщ шэрджэсхэм я щэнхабзэмрэ тхыдэ щIэинымрэ. Адыгэхэм папщIэ Сочэ къалэм иIэ мыхьэнэр къыдгурыIуэкIэрэ, занщIэу жысIэфынущ шэрджэс щэнхабзэм екIуэкIыну Олимпиадэм и программэм хуэфэщэн увыпIэ зэрыщиубыдынур. Джэгухэм щIидзэн ипэкIэ сэ, си жагъуэ хъуми, щэху псори къэзгъэнэIуэну сыхуиткъым - апхуэдэу быдэу къегъэув Къэрал зэхуаку Олимп комитетым. Ауэ зы вжесIэфынущ: Сочэ - 2014-м и къызэгъэпэщакIуэ комитетым и тхьэмадэ Чернышенкэ Дмитрий, мы зэIущIэм щыIэр, къыщалъхуари къыщыхъуари Мейкъуапэ къалэщ, абы школыр къыщиухащ, уеблэмэ, адыгэбзэри щиджащ. Зэрыфлъагъущи, ари фпэгъунэгъущ.

## Краснодар крайм и губернатор Ткачёв Александр:

- Кубаным щагъэзащIэ край программэ ин. Абы ипкъ иткIэ дыдоIыгъ лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм я щэнхабзэ, щIэныгъэ центрхэр. Фестивалхэу, семинархэу, зэпеуэхэу щэхэр идогъэкIуэкI, тхыдэм егъэщIылIа щIыпIэхэм, фэеплъхэм ди нэIэ ятедгъэтщ, музейхэр доухуэ. Гулъытэшхуэ худощI крайм щыпсэу адыгэхэми. Фэ зэвгъэцIыхуакIэщ си гупым хэту лажьэ фи лъэпкъэгъухэм ящыщ куэд, си япэ къуэдзэ Хьэту Жамболэт и деж щегъэжьауэ. Абы ипэкIэ къэрал кIуэцI политикэмкIэ си япэ къуэдзэу илъэс куэдкIэ лэжьащ IэхъуэджакIуэ Мурат. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар пасэу дунейм ехыжащ. Адыгэ лъэпкъым щыщхэр фIыуэ щолажьэ IэнатIэ псоми. Абыхэм яхэтщ депутатхэр, районхэмрэ къуажэхэмрэ я IэтащхьэхэР. Адыгэ хьэрычэтыщIэ лэжьакIуэшхуэхэм я цIэхэр къитIуэфынущ жэщ хъуху! Щхьэхуэу къыхэзгъэбелджылыкIыну икIи фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ Армавир къалэм, Успен районым, Сочэ къыщызэрагъэпэща икIи жыджэру щылажьэ «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр. Фыкъыхузоджэ зэныбжьэгъу ди зэхущытыкIэхэр фымыгъэкIуэдыну. Урысейм зэрыщыжаIэщи, унагъуэкIэ дызэвгъэныбжьэгъу!

## Амман щылажьэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ Къардэн Самир:

- Дэ хьэщIэхэм дыхуамыгъадэу, я Iыхьлыхэм, къуэшхэм хуэдэу дыкърагъэблэгъащ! Си фIэщ мэхъу лъэпкъ куэду зэхэт жылагъуэм мамыру зэрыщыпсэунымкIэ, я щэнхабзэр зэрыщахъумэнымкIэ куэдыр абыхэм я деж щеджэн зэрыхуейр. Дауи, а псор яхузэфIэкIынтэкъым, къэралымрэ жылагъуэмрэ сыт и лъэныкъуэкIи къазэрыдэIэпыкъур мыхъуатэмэ. Апхуэдэ политикэ Iущым пщIэшхуэ дыдэ хуэфащэщ.

## Дамаск дэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ Гугу Акрэм:

- Тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм щыпсэу шапсыгъхэм я деж дыкъэкIуэн и пэкIэ, пэжыр жысIэнщи, дэ къытIэрыхьэр ди лъэпкъэгъухэр зэрыпсэум теухуа хъыбар зэпэщIэуэ дыдэхэт. Дэ ди гугъэт я анэдэлъхубзэр яджыну, я бынхэр цIыхубэ щэнхабзэм хуагъэсэну абыхэм Iэмал ямыIэу икIи лъэпкъыу щымытыжу ахэр адрейхэм яхэшыпсыхьыжауэ. Ауэ псори тельыджэу нэгъуэщIу къыщIэкIащ: дэ тлъэгъуащ дахэу зэлъыIуха къуажэ екIуэхэр, гъуэгуфIэхэр, щэнхабзэмкIэ унэхэр, школхэр. Хьэкъ тщыхъуащ щIыналъэм щыпсэу адыгэхэми апхуэдэу нэгъуэщI лъэпкъхэми езыхэм я щэнхабзэр яхъумэн папщIэ Iэмал псори зэраIэр. Зызумысыжынщи, сэ слъэгъуар игъащIэкIэ сызыпэмыплъащ!



Хьэщlэхэр Къуэбыдэ нэсащ.



Щхьэщэхуж къуажэм Къардэн Самир къыщофэ.



Къалэ дахэщ Сочэ.

КIЫЩОКЪУЭ Алим

## Зеич лантIэ

Зеич лантIэу гъэшыгъуафIэ,
Си адыгэ хэку.
Хэку гъэфIэну сиIэ закъуэ,
Си адыгэ хэку.
Зи щIасэгъухэр зи жагъуэгъум,
Си адыгэ хэку,
Хигъэгъуащэу зи мыхабзэ,
Си адыгэ хэку.
Узижагъуэр псым хрепкIэ,
Си адыгэ хэку,
КIэлъыхэпкIэри епкIыхыу,
Си адыгэ хэку.
Уи жьэгу мафIэ щыужьыхым,
Си адыгэ хэку,
Дэп жьэражьэ сыпхуэхъункъэ,
Си адыгэ хэку.
Къурш псы уэру сыкъехуэхми,
Си адыгэ хэку,
Пшахъуэ налъи пщыщ исхакъым,
Си адыгэ хэку.
Зы уIэгъэ уэ къыптехуэм,
Си адыгэ хэку,
УIэгъищэу зыхызощIэ,
Си адыгэ хэку.
Дыщэ шууэ уищI сихьэжым,
Си адыгэ хэку,
Сэламыхьу сыныпхуокIуэ,
Си адыгэ хэку.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ, епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 5.000
Заказ №2707